ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№54 (24.492) ● 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 11, махуэку Тхьэмахуэм щэ къыдокІ И уасэр зы тумэнщ





КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ

Нэхъыжьхэм я щапхъэр ди гъуазэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Текіуэныгъэм и махуэм «ЩІы-хьым и мафІэ мыужьхьым» удз гъэгъа Іэрамэ трилъхьащ. А Іуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я Унафэщ1эхэу Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым КъБР-м кьегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, Парламентымрэ Правительствэмрэ хэтхэр, министрхэр, къулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр.

ХэКУ зауэшхэм хэкІуэда офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ я фэеплъым деж къыщІэзхуэсащ тылым и лэжьакІуэхэр, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІэуэзда къаруухэм, хабзэхъуэу Іэнатіэхэм я ветеранхэр. Пакіум и пэублэм щІыхьэхэр зауэм хэкІуэдахэм зы дакъикъэкІэ яхущыгъуащ.

Махуэшхуэм хэтыну кьыдэкІаХэм защІыхуигъаазэм КІуэкІуэ Кавказ жиІащ: «ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуэ, ветеранхэ! Лъэпкъ кУэд щыпсэу ди къаралым иригушхуэу егъэлъапІэ Текіуэныгъэ Иныр. А накъыгъэ махуэм, зауэм кІэ щратам, лъандэрэ илъэс 78-рэ дэкІащи, мамыру допсэу. Хэку зауэшхуэм ди къаралым къыщІихьа Текіуэныгъэр зэрыгъэпсыгъуэ, совет щІыхубэм я лыгъэ нэсым и щІыхьэту.

Ди адэхэм, адэшхуэхэм дуней псом ирагъэлъэгъуащ зэи къэмыхъуа зэкъуэтыныгъэрэ псэкупсэ къарульэщхэ. Абыхэм я лыгъэмрэ хагъэхъагъэмрэ, Хэкум папщІэ я псэр ятыну зэрыхьэзырыр дэрКІи, ди щІэблэмкІи хэкупсагъэм, гугъуехьым укъыпикІуэт зэрымыхъунум, Іейм, фІыщІэм узэрытекІуэфынчъ и щапхъэу кьыддокІуэкІ.

Текіуэныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьа ди хэкуэгъуэхэм хуабжьу дарогушхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІыху мин 60 фронтым Іухьащ иКІи зауэ гуащІэхэм хэтащ.

Москва, Сталинград, Курск, Ленинград, Севастополь, Минск деж щекІуэкІа зауэшхуэхам, Кавказыбгъэм лыгъэ къыщагъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми гъащІэм щымысхьу ихъумащ Хэкур. ФІыщІэ ин яхуэфащэщ тылым щыІэжьа ди хэкуэгъуэхми, Текіуэныгъэм и Іэщэр зыщІа пэжьакІуэшхуэхми, фронтыр ерыскъыкІэ къыззэыгъэпэщащэхми.

ЕтІуанэ дунейпсо зауэм лъышхуэ щагъэжащ, щІыхуГэнэшагъэ къызэрымыкІуэ щызекІуащ, къэрал кУэдым хэщІыныгъэшхуэхэр яритащ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыбэу ар зыжьэхэзуар, дауи, ди къаралырщ, абы и гуаузр щІыхьащ дэтхэнэ зы унагъуэми.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ а зауаем зи щхьэр хэзылъхьа, гъэрыпІэм иса, лей зытехьа дэтхэнэ зыми.

Текіуэныгъэм и махуэр дэ тщыщ дэтхэнэ зым дежкІи лъапІэщ иКІи пщІэшхуэ зиІэщ. Абы дэтхэнэ зы унагъуэми щІыхуми я тхыдэм щыщ зы Іыхьэ хэлъщ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм къэхъуа щІэблэм я щІэжьым хэмыкІыжыну къыхэнащ ар, фэеплъ бжьыгъэнщэхэм къатощ, къалэщІэхэм, уэрамыщІэхэм, утыкуІэхэм тхыдэ кІапэхэр къаІуатэ. Абы къокІ нацизмэр зыгъэкІуэда, Текіуэныгъэр къытхуэзыха, лей кУэдым япэщІэта ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэи зэрытщымыгъупщэжу.

Лъахэм, Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэр, къэмыпэнджагъэр - апхуэдэ лъапІэныгъэхэм ди щІыхубэр зэкъуегъэуВэ мы зэманм гугъум.

Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я къуэрыпъхуэхэмрэ абыхэм къалъхужакэмрэ щІыхь пытьу я дзэ къулыкъыр нобэ щагъэзащІэ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэку хэхам. Ахэр Урысейм, абы и къэкІуэнум щІоззу, я гъащІэм щымысхьу.

А Іуэхум хэт зауэлІхэми ди щхьэр яхудогъэщхъ, апхуэдэу пщІэ худощІ зи хэкум папщІэ зи псэр зытахэм я фэеплъым.

Зи Іыхьлы абы хэкІуэдахэм, щІалэхэм я унагъуэхэм, къащІэна сабийхэм сыткІи дадэІэпыкъуну дыхьэзырщ, зеиншэу къэна цыкІухэм щІэныгъэ зрагъэгъуэту, Іэнатіэ пэрыуІэныкІэ къэралым защІигъэкъуэнущ. Дэз Іуэку хэхам хэт дэтхэнэ щІалэми и унагъуэр гулъытэрэ дэІэпыкъуныгъэрэ зэи щыщІэнкъым.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ! Дэ псоми ди хьэпсапІэр зыщ - Урысейр щынагъуэнщэу, екъуІэныгъэхэр иІэу псэуныщ. Си фІэщ мэхъу текІуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я щапхъэр ди гъуазэу сыт хуэдэ гугъуехьми дыззрыпэщІэтыфынур, ди хэкум зиужьу псэун папщІэ ди пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зэрыгъэзэщІэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Текіуэныгъэ Иныр илъэс 78-рэ зэрырикъымкІэ, мамырыгъэ, насып, зэІуэзэпэщІыгъэ Тхьэм къывит!».

Ди щхьэр яхудогъэщхъ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ Текіуэныгъэм и махуэм щыІащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Ожеред Максим и унагъуэм. Абы щІыгъуу ветераным и унэм еблэгъахэщ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партым и фракцэм и унафэщІ Кебеков Владимиррэ республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, зэпэщІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэмрэ гъэсныныхъэ-энергетикэ Іэнатіэмкіэ и комитетым и унафэщІ Токъу Русланрэ.

ОЖЕРЕД Максим и ныбжьыр шыщхьэуІу мазэм илъэси 104-рэ ирикъунущ. 1940 гъэм Николаев кьалэм дэт дзэтенджыз баззэм щеджэри, флотым кьулыкъу щищІэну ираджащ иКІи абы щыІащ 1946 гъэм и Іэатхэр къэблагъэху. Ар щитащ Ялтэ Белорус фронтым щыІэ Дунай флотилием и орудием и командиру, яхтащ Донбассыр, Кьрымыр, Украинэр, Прибалтикэр, Белоруссиер, Польшэр, Австриер, Германиер, Чехословакиер фашистхэм кьаІэщІэзэгъэкІыжахэм.

И лыгъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ папщІэ Ожеред Максим къыхуагъэфащащ Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, «Хахуагъэм папщІэ», «Германиеми зэрытекІуам папщІэ», юбилей медалхэр. Зауэ нэужьым ар Куржым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Астрэхъэн щыІэ метеостанцхэм я унафэщІу лэжьащ, 1959 гъэм щегъэжьауэ 1974 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидрометеобюром и нэхъыщхьэу щытащ.

Егоровэ Татьянэ ветераным фІыщІэ хуищІащ ди мамыр гъащІэм папщІэ иКІи ехъуэхъуащ узынщагъэ быдзэрэ гукъыдзкъэ иІэну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1эр еблэгъащ фашист концлагерым иса, Хэку зауэшхуэм и ветеран Юрков Анатолий и щхьэгъусэу щыта Александрэ дежи *(сурэтым)*. Ар щыкубзым ехъуэхъуащ узынщагъэ быдзэрэ и гъащІэ дерсэмкІэ щІалэгъуалэм зэрадэгъэшэфын кьару мыкІуащІэ иІэну.

- ФІыщІэ фхузощІ дыззрыфщымыгъупщэм, ди Іуэку зыІутым сытым дежи фыщыгъуаззу фызэрыщытым папщІэ, - жиІащ Александрэ.

Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ абы и узынщагъэм, гугъуехь, гукъеуэ иІэхэм иКІи ахэр зэфІэхынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуну къигъэгугъащ.

Ветеранхэм я унагъуэхэм зэреблэгъам и гугъу щищІыжым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым къыхуагъэщащ республикэм и хабзэгубзыкъ Іэнатіэм и депутатхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэр кУэд щІауэ я нэІэм зэрыщІэтыр.

- Текіуэныгъэм и махуэр лъэпкъ кУэду зэхэт урысей щІыхубэм я закъуэкъым зи махуэшхуэр, ар дуней псом дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэкугъуэщ. Гъэзэр макІуэ, зы щІэблэм адрейр къыкІэлъыкІуэ, ауэ Текіуэныгъэм и махуэр щыІэщ иКІи щыІэнущ, сэ сызэреплъымкІэ, ар къэнэнущ ди зауэлІхэм я хахуагъэм, лІыгъэм, лІыхъужьыгъэм, ди хэкупсэ гурыщІэхэм я нэщэнэу. А махуэм дэ кьыдогъэльагъуэ Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэм яхуэтщІ пщІэр. Ди щхьэр яхудогъэщхъ фронтым Іутахэм, тылым щыІэжьахэм, ветеранхэм я щхьэгъусэхэм, си сабиигъуэр зауэ зэманым хиубыдахэм.

Нобэ фІыщІэ псалъэхэр яхуэгъэзащ зауэ Іуэку хэхам хэтхэми. Пэжщ, зыри щыгугъакъым, илъэс 78-рэ дэкІыжа нэужь, ди къэралым пэжыгъэм, захуагъэм, и шынагъуэнщагъэм щІэбэныну иджыри зэ къыхихуэну. Ди щхьэр яхудогъэщхъ апхуэдэ щІалэхэр зыгъэса адэ-анэхэм, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым а махуэм Затишье хьэблэм дэт кьалэ къэзым щыІащ иКІи зауэлІ хэкІуэдахэм я мемориалым удз гъэгъахэр трилъхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэлэту, офицеру зауэм къимыкІыжахэм я фэеплъым пщІэ хуищІу.

Апхуэдэу хабзэубзыкІ Іэнатіэм и унафэщІым Кавказыр зыхъумахэм, Новороссийск кьалэр, Украинэр, КъуэкІыпІэ Европэм и къэрал зыбжанэ зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІэзэгъэкІыжахэм яхта и адэ Егоров Борис и фэеплъым хуэфащэн пщІэ хуищІащ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр мы махуэхэм щыІащ я нэІэм щІэт ветеранхэм я унэхэм иКІи гуапэу ехъуэхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Текіуэныгъэм и махуэм хуэгъэза и къуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІыхуэху пщІэ зыхуэсщІхэ! Ди ветеран лъапІэхэ!

Текіуэныгъэшхуэр илъэс 78-рэ зэрырикъуамкІэ гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу!

Совет щІыхубэм Хэку зауэшхуэм къыщахьа Текіуэныгъэр екъулІэныгъэ къызэрымыкІуэу дунейпсо тхыдэм и напэкІуэщІэкъм игъащІэкІи итынущ, бэр гущІэгъэ зимыІэ бий ерум, фашизмэ щІопхъаджэм къызэрыгъэлам и фэеплъу. Ди адэхэмрэ ди адэшхуэхэмрэ дуней псом ирагъэлъэгъуащ лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ мыкІуэдыжьын.

Дэ дрогушхуэ ди республикэм щыщхэм Текіуэныгъэм хуащІа хэлъхьэныгъэм и инагъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын мин 60-м щІигу игъэкІуауэ щытащ фронтым, зауэм и гуащІэгъуэм хиубыдауэ. ЦІыху мин 40-м я псэкэр Хэкум папщІэ ятащ.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ Хэку зауэшхуэм къимыкІыжахэм. ФІыщІэ мыухьж яхуэфащэщ я къару емыблэжу заводхэм, фабрикхэм, губгъуэхэм щылэжьахэм. Ахэращ Текіуэныгъэр гъунэгъу къэзыщІа Іэщэхэр зыщІар, фронтым щылэжьэм ерыскъы яхуэзыгъэщІар.

Псэемыблэжьныгъэм, хэкупсэ гурыщІэм, ущапІа унагъуэр, укъыщыхъуа лъапсэмрэ Хэкумрэ фІыуэ плъагъуным дэ ноби дызэкъуагъэувэ. Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ къыщызыхьахэм я бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ ноби я Хэкур яхъумэжри зауэ Іуэку хэхам и Іэнатіэм Іутщ. Ахэр щІэзауэр Урысеймрэ ди цІыхубэмрэ я пщэдейрей махуэрщ.

Щэч къытесхьэркъым Текіуэныгъэр къэзыхьахэм къащІэхъуа щІэблэр мы утыкуми и щхьэр лъагэу кьызэрикІынум, лъэпкъ кУэду зэхэт Урысейм и цІыхубэр зы шынагъуэми кьызэрыпимыкІуэтынум.

Ди зауэлІ псори узынщэу, Текіуэныгъэр я Іэпэгъуэу Тхьэм я унэ кьришэлІэж!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псори Тхьэм иригъэфІакІуэ!

Мамырыгъэрэ гуфІэгъуэрэ ди республикэм щыщ дэтхэнэ зыми фиІэну сынывохъуэхъу, си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Иугъащ1э Текіуэныгъэшхуэм и махуэм!

Налшык и шыгъэжапІэм



Текіуэныгъэм и дауэдапщэхэм хьыхьу Налшык ипподромым шыгъажэ щекІуэкІащ. Абы къырихьэлІащ ди къаралым и щыналъэхэм яш нэхъ жэр дыдэхэр. Зэдэжьм и саугъэтыр псори зэхэту сом 1400000-рэ хъурт.

«ТЕКІУЭНЫГЪЭМ и махуэм и щІыхьКІэ» зыфІаща саугъэт нэхъыщхьэм щІэбэнащ ипэсэщ ирикъуа щыхэр. Абыхэм кьажащ метр 1600-рэ. Псоми кьатежащ Краснодар щыІэ «711» заводым щыщ Дэнсэр Чэмп шыр. Ар къигъэжащ Албэрды Анзор.

Кьыззэхузсахэм Текіуэныгъэм и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Говоров Сергейрэ «Росиплодромы» АО-м и генеральнэ унафэщІ Зайцев Дмитрийрэ.

Иужьым жиІащ Налшык шыгъажапІэр екІуу кьызэрагъэщІэрэщІэжам и фІыгъэкІэ, ар къэралым и ипподром нэхъыфІхэм ящыщ зыхуу кьызэрипытэр, шы зезыхуэу кУэдым гу кьыльатэ зэрыхъуар.

ГЪУЭТ Синэ.

● ЗэІущІэхэр

«ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектыр деІыгъ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыхуэзащ УФ-м и Президентым и нэІэм щІэту лажьэ, Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэ Львовэ-Беловэ Марие. Псалъэмакъыр нэхъыбэу зытещІыхьауэ щытар къэралым илъ псэкупсэ лъапІэныгъэхэм щІэблэр щІэпІыкІыныжмрэ унагъуэм и пщІэм хэгъэхъуэныжмрэщ.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащІащ «ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектым. СВО-м хэт зауэлІхэм я унагъуэхэм ис сабийхэм я Іуэху дэгъэкІыным хуэгъэпса а проектыр зи жэрдэмыр КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекщ. Абы къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэ псори гунэс щыхъуащ Уполномоченнэм иКІи ахэр ягъэззэщІнущ УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа «Хэкум и хьумакІуэ» проектым хиубыдэу.

«ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектым пэублэ хуэхъуащ СВО-м хэт ди лъахэгъу зауэлІхэм сащыщІар. Ахэр къыщыІэлъэІуар зы Іуэхугъуэ закъуэщ: я унагъуэхэм дэІэпыкъуэгъу дахуэхъунырщ. Ар ди тегъэщІапІэу къыхэтлъхьащ зи гугъу тщІы проектыр», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Псалъэмакъым къыззрыхэщамкІэ, Іуэхугъуэм екъэІа лэжьыгъэхэр яублащ дыззрыт илъэсым и мазэм. Абы лэжьэн щІидзэнущ шыщхьэуІум и пэщІэдзэхэм. Мы зэманым къыззрагъэпэщ проектым и методикэ Іыхьэр, лэжьыгъэр зэфІэзэныхунхэр, унагъуэхэм, сабийхэм япыщІауэ щытынухэр яубзыху. Проектым и унэтІыныгъэхэм ящыщу гулъытэ зыхуэзащІыпхъэу щытщ сабийхэм психологие и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр. Проектым елэжьхэм я хэщІапІэр «Іуащхьэмахуэ» корпоратив университетым щыІэну траухуащ.

Гъэмахуэм къыриубыдэу лэжьэну хуей ныбжьыщІэхэр зэрымымащІэм къыхэкІыу, Львовэ-Беловэ Мариерэ КІуэкІуэ Казбекрэ тепсэлъыхьащ Іэнатіэхэм я зэхэлъыкІэм сабийхэр хуэзыгъасэ егъэжьанымрэ зэхэлъыкІэм щІыщІэсыгъэпэщыным. А сессиехэр егъэкІуэкІыным лектор Іэзэхэр къришэлІэну жиІащ Уполномоченнэм.

Львовэ-Беловэ Марие иужькІэ щхьэхуэу яхуэзащ Іэтащхьэм къыхихьэна проектым елэжьхэм. КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Миронов Николай хьэщІэ лъапІэр гупсэхуу щыгъуазэ хуищІащ проектым епха лэжьыгъэхэр зэреклэкІыным. Абы зэрыжиІамкІэ, дэІэпыкъуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтынущ СВО-м хэт зауэлІ псомиз я унагъуэхэм исхэм. Сабийхэм епхауэ щытынущ егъэджакІуэхэр, жэрдэм зыхэлъ зи щІалэгъуэхэр, психологхэр, социальнэ, медицинэ Іэщ1агъэлІхэр. Проектым къызэщІиубыдэнущ школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр, школакІуэхэр, студентхэр. Абыхэм япыщІауэ щытынущ проектыр гъэззэщІэныр зи къалэн Іэщ1агъэлІхэр.

Республикэм и Іэтащхьэм Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэм фІыщІэ ин хуищІащ ди республикэм къызэрыкІуам, «ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектыр зэрыдгІыгъам папщІэ.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ Текіуэныгъэм и махуэм щыІащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Ожеред Максим и унагъуэм. Абы щІыгъуу ветераным и унэм еблэгъахэщ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партым и фракцэм и унафэщІ Кебеков Владимиррэ республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, зэпэщІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэмрэ гъэсныныхъэ-энергетикэ Іэнатіэмкіэ и комитетым и унафэщІ Токъу Русланрэ.

ОЖЕРЕД Максим и ныбжьыр шыщхьэуІу мазэм илъэси 104-рэ ирикъунущ. 1940 гъэм Николаев кьалэм дэт дзэтенджыз баззэм щеджэри, флотым кьулыкъу щищІэну ираджащ иКІи абы щыІащ 1946 гъэм и Іэатхэр къэблагъэху. Ар щитащ Ялтэ Белорус фронтым щыІэ Дунай флотилием и орудием и командиру, яхтащ Донбассыр, Кьрымыр, Украинэр, Прибалтикэр, Белоруссиер, Польшэр, Австриер, Германиер, Чехословакиер фашистхэм кьаІэщІэзэгъэкІыжахэм.

И лыгъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ папщІэ Ожеред Максим къыхуагъэфащащ Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, «Хахуагъэм папщІэ», «Германиеми зэрытекІуам папщІэ», юбилей медалхэр. Зауэ нэужьым ар Куржым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Астрэхъэн щыІэ метеостанцхэм я унафэщІу лэжьащ, 1959 гъэм щегъэжьауэ 1974 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидрометеобюром и нэхъыщхьэу щытащ.

Егоровэ Татьянэ ветераным фІыщІэ хуищІащ ди мамыр гъащІэм папщІэ иКІи ехъуэхъуащ узынщагъэ быдзэрэ гукъыдзкъэ иІэну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым еблэгъащ фашист концлагерым иса, Хэку зауэшхуэм и ветеран Юрков Анатолий и щхьэгъусэу щыта Александрэ дежи *(сурэтым)*. Ар щыкубзым ехъуэхъуащ узынщагъэ быдзэрэ и гъащІэ дерсэмкІэ щІалэгъуалэм зэрадэгъэшэфын кьару мыкІуащІэ иІэну.

- ФІыщІэ фхузощІ дыззрыфщымыгъупщэм, ди Іуэку зыІутым сытым дежи фыщыгъуаззу фызэрыщытым папщІэ, - жиІащ Александрэ.

Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ абы и узынщагъэм, гугъуехь, гукъеуэ иІэхэм иКІи ахэр зэфІэхынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуну къигъэгугъащ.

Ветеранхэм я унагъуэхэм зэреблэгъам и гугъу щищІыжым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым къыхуагъэщащ республикэм и хабзэгубзыкъ Іэнатіэм и депутатхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэр кУэд щІауэ я нэІэм зэрыщІэтыр.

- Текіуэныгъэм и махуэр лъэпкъ кУэду зэхэт урысей щІыхубэм я закъуэкъым зи махуэшхуэр, ар дуней псом дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэкугъуэщ. Гъэзэр макІуэ, зы щІэблэм адрейр къыкІэлъыкІуэ, ауэ Текіуэныгъэм и махуэр щыІэщ иКІи щыІэнущ, сэ сызэреплъымкІэ, ар къэнэнущ ди зауэлІхэм я хахуагъэм, лІыгъэм, лІыхъужьыгъэм, ди хэкупсэ гурыщІэхэм я нэщэнэу. А махуэм дэ кьыдогъэльагъуэ Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэм яхуэтщІ пщІэр. Ди щхьэр яхудогъэщхъ фронтым Іутахэм, тылым щыІэжьахэм, ветеранхэм я щхьэгъусэхэм, си сабиигъуэр зауэ зэманым хиубыдахэм.

Нобэ фІыщІэ псалъэхэр яхуэгъэзащ зауэ Іуэку хэхам хэтхэми. Пэжщ, зыри щыгугъакъым, илъэс 78-рэ дэкІыжа нэужь, ди къэралым пэжыгъэм, захуагъэм, и шынагъуэнщагъэм щІэбэныну иджыри зэ кьыхихуэну. Ди щхьэр яхудогъэщхъ апхуэдэ щІалэхэр зыгъэса адэ-анэхэм, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым а махуэм Затишье хьэблэм дэт кьалэ къэзым щыІащ иКІи зауэлІ хэкІуэдахэм я мемориалым удз гъэгъахэр трилъхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэлэту, офицеру зауэм кьимыкІыжахэм я фэеплъым пщІэ хуищІу.

Апхуэдэу хабзэубзыкІ Іэнатіэм и унафэщІым Кавказыр зыхъумахэм, Новороссийск кьалэр, Украинэр, КъуэкІыпІэ Европэм и къэрал зыбжанэ зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІэзэгъэкІыжахэм яхта и адэ Егоров Борис и фэеплъым хуэфащэн пщІэ хуищІащ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр мы махуэхэм щыІащ я нэІэм щІэт ветеранхэм я унэхэм иКІи гуапэу ехъуэхъуащ.

Я лъэпкъым щыщхэр халъагъуэ

Накъыгъэм и 9-р, ди къэралым и щыпІэ псоми хуэдэу, Тэрч щыналъэми Іэтауэ щаІэлъэпІащ.

МАХУЭ зыбжанэ ипэкІэ пежьэри, щыналъэм ит курыт еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм, тхылъ хъуманІэхэм Текіуэныгъэм теухуа дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІащ.

Дунейм цІыхуу тетым, псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм, зэхащІыкІащ мамыр гъащІэм и Іэфіагъымрэ абы и лъапІагъымрэ.

Текіуэныгъэ Иныр илъэс 78-рэ щрикъум егъащІыІа Даудапщэхэм Тэрч къалэм дэт фэеплъым деж хъыщыщІадзащ. Дунейм ехьажаехм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуэри, абы удз гъэгъажэр тралъхьащ. А Іуэхум хэтащ щыналъэ, къалэ администрацэхэм я унафэщІхэр, къэралІуэхущІапІэхэм, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, нэхъыжьыфІхэмрэ школакІуэхэмрэ.

Уи гуапэ мыхъуу къаназэркъым илъэс къэс а фэеплъым цІыхухэр яфІэфІу къыз эрекІуалІэр, Хэку зауэшхэм хэтахэм я щІыхьыр зэрагъэлъапІэр. МафІэ мыужьхыыр зыІэта зауэлІым и фэеплъым, Домбеякым кьыхэщІыкІам, нэхъыжьхэми нэхъыщІхэмми хахъагъуэр щхьаж и лъэпкъым щыщу зауэм хэтахэрщ, мамыр гъащІэр хахуэзыэуа е Іыхьлыхэрщ.

Тэрч щыналъэм щыпсэухэм удз гъэгъахэр илъэс къэс тралъхьэ Налшык и Дубки щыпІэм щыІэ къуэшыкъэм ит фэеплъми. Апхуэдэу, Хэку зауэшхэм и лъэхъэнэм зэпэщІэувэныгъэхэм я нэхъ гуащІэхэм ящыщ щекІуэкІа Инарыкъуей и щІыгъуэм щыналъэм ис куэд а махуэхэм докІри, абдеж тет фэеплъми удз гъэгъахэр тралъхьэ.

1942 гъэм, Кавказ Ищхъэрэм и щыдагъэ къыщІэшыпІэхэр нэмыщ зэрыпхъуакІуэхэм ирамыгъэубыду, 317-нэ фочауэ дивизэр махуищэм щІигъукІэ япэщІэтащ. Зауэлі мини 7-м я щхьэр щагъэтІыпІащ абдеж.

Нобэр кьыздэсым къуажэм и Іэхэлъахэм зауэлІхэм я къупщхьэхэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ къыщагъуэтыж. СССР-м и цІыхубз артист Этуш Владимири щызэуащ а щыгъуэм. ИужькІэ абы мызэ-мытІуэ ди щІыналъэм къытригъэзат икІи хуэфащэ дыдэу фІащат «Тэрч къалэ щІыхь зиІэ и цІыху» цІэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хэку зауэшхэм хэта нэхъыжьыфІхэр, ди лІыхъужьхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу, ауэ зэи хэмыщІыну ди гум ильщ абыхэм яхуэтщІ фІыщІэр, лъытэныгъэр, пщІэр. Окопэ щІыІэр мащэ зыхуэхъуахэр, биишэм ихьахэр, нэмыщІуэм илІыхьахэр, хъыбарышэ хъуахэр, зэуапІэ губгъуэхэр икІуэдахэр дэ зи тщыгъупщэнукъым. Лъэпсрэ нэпскІэ гъэнщІауэ абыхэм къытхуахьа ТекІуэныгъэм и уасэр зэрыльапІэр абыхэм фІыуэ ящІэрт, дэри зыщщдгъэгъупщэнкъым.

Хэку зауэшхуэм и ветеран Тэрч щыналъэм кьинэжар Борыкъуей къуажэм щыпсэу Ламырдон Хьэсэнбий и закъуэщ. Куэд зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІым деж еблагъэри ехъуэхьащ Тэрч щыналъэм и унафэщІ Дадэ Муэвд зи пашэ гуп *(суратым)*. Абы ветераным иритыжащ ди къэралым и Президент Путин Владимиррэ КЬБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ къабгъэдэкІ хъуэхъу телеграммэхэр.

ЩІыналъэ, къуажэ администрацэхэм, прокуратурэм, щыналъэ дзэ комиссариатым, МВД-м, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым, Жылагъуэ палатэм я къудамэхэу Тэрч щыналъэм щыІэхэм хъабгъэдэкІ псалъэ гуапэхэр зэрыт тхыгъэхэр дадэ Іумахуэм Іэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм нэмыщхэр ди щІыналъэм кьыщебгъэрыкІуам, Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 16-м иту арат, итІани, Инарыкъуей и щыгъуэм деж щитІысыкІа Дзэ Пльыжьым и зауэлІхэм Іэщэ-фащэрэ шхынрэ яхуишэу зауэм хэтащ. ПсэзэпытьхьапІэ ит щІалэ цІыкІур хьэмылэнджэжу а кьалэн хьэлъэм пэрытащ.

НэхъыжьыфІым дохъуэхъу гуапІэу, гукъеуэншэу илъэс куэдкІэ и унагъуэм ящхьащытыну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

Ящыгъупщэнукъым

Пщэдджыжь уэшхри теужри, дыгъэпс къэхъужауэ Налшык и «Искож» хьэблэм Кадыров Ахъмэт и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым и утыкум ТекІуэныгъэм и махуэр ягъэлъэпІэну къыщІэзхуэсащ щІэныгъэ гуэдзэ щрат «Эрудит» центрым екІуалІэ цІыкІуэхэр. КъызэгъэпэщакІуэхэр тешыныхьырт, махуэ зэкІэлъыкІуэхэм зэпымыууэ къеших уэшхым я Іуэхур кьызэпиудынкІэ зэрихъунум, арщхьакІэ псоми хунэсащ.

ХЭКУ зауэшхуэм теухуауэ ятха макъамэхэр ину утІыпщауэ кьызэреуэм а щІыпІэм щыпсэуэхэр кьызэхуишэат. Псом хэхъэ нэхъ гуапэрати, абыхэм яхэтт, сабийуэ нэхъ мыхъуми, зауэ лъэхъэнэм хихьыда нэхъыжьхэри. Мазэуныгъэм теухуауэ ягъэхьэзыра программэр гъэнщІат зауэ зэманым зэхалъхьа уэрэдхэмкІэ, усэхэмкІэ. Хэкупсэ гъэсэныгъэр мы зэманым къэтІэсхъауэ жызыІэхэр зэрыщыуэм и щыхьэтми ярейуэ, сабийхэм апхуэдэу утыкум щагъэльэгъуащ зауэм теухуа поэмэхэм кьытращыкІа тепльэгъуэ зыбжанэ. Центрым и гъэсэнхэр щІагъэдэуащ мамырыгъэм, зэныбжьэгъуГэм, хэкур хъумэным теухуа псалъэмакъ щхьэпэхэми.

Дауэдапщэхэр здекІуэкІыам, зыри пэмыплъауэ, абыхэм кьахьыьащ а уэрамым щыпсэухэри, сэлэт фащэхэр ящыгъэр, бэракъ плъыжьхэр яІыгъыу. Абдежым псори зэгъусэу утыкум кьихьэри, макъамэм кьыдэфэу щІадзащ. Псоми я зэхуэдэ гуфІэгъуэр, уэлбанэкІи пхузэтемыІыгъэну, цІыкІуми инми дерс кьыхахуэу екІуэкІащ.

ТекІуэныгъэм и махуэм кьыдэкІуэу, Іуэхур щекІуэкІ уэрамым зи цІэр зэрихьэ Кадыров Ахъмэти ягу кьагъэкІыжащ а махуэм - ар щыхэкІуэдар ТекІуэныгъэм и махуэхуэр щагъэльэпІэ накъыгъэм и 9-рт. Хьэблэм щыпсэухэм абы теухуауи псалъэ гуапэ жаІащ.

Налшык кьалэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым гъэ къэс апхуэдэ зэІуцІэхэр щрегъэкІуэкІ ди щыхьэрым и утыкуэм. Ар щапхъэ дахэ зэрыхъури нэрылъагъущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ХэкІуэдахэр щІалъхьэж

Май щыналъэм хыхьэ Ново-Ивановскэ жылэм мы махуэхэм Іуэхугъуэ щхьэпэ щызэфІахащ. Абы щыщІалъхьэжащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм а щыпІэм щыхэкІуэдауэ щыта зауэлІхэм я къупщхьэлъапщхьэхэр. Дзэ Пльыжьым хэта а зауэлІи 10-р, зэрыхуагъэфащэмкІэ, Новочеркасск дэта дзэ еджапІэм и курсанту щыташ, Аохэр 1942 гъэм и щыщхьэІуІум Ново-Ивановскэ жылэм деж щекІуэкІа зауэхэм хэкІуэдащ, къуажэр бийм щахъуэмэу.

ЗАУЭЛІ мыцІыхуэхэм я къупщхьэлъапщхьэхэр 2023 гъэм и гъатхэгъэ маззэм а щыпІэм кьыщагъуэташ, ухуэныгъэ лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІ пэтрэ. Илъэс 80-м нэс ипэкІэ, 1942 гъэм, а курсант щІалэ гупыр мыбдеж щызэуащ, Мэздагу - Владикавказ зэхъумэжьныгъэ дзэ операцэм хэту. Аохэр ящыщащ а илъэс бзаджэм и Іэмахуэкіэм - бжьыхьэм и пэщІэдзэм Май щыналъэм щызэуа КавказщІыб фронтым и 37-нэ армэм и 392-нэ фочауэ дивизэм. ЗауэлІхэм ящыщу къэнахэр къэгъуэгъуэныжьмкІэ сэбэп хъуащ «Урысейм и къэлъыхъуакІуэ зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щыналъэ къудамэм хэтхэр.

- Ди Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщІэ зи псэр зытахэм я кхъащхьэ едгъэгъуэтыжьныр дэтхэнэми ди дежкІэ щІыхьэр жэуапІныгъэрэ зыпльэ къалэнщ, - жиІащ Май районым и администрацэм и Іэтащхьэ Саенкэ Татьянэ. - Ди ужь къиувэ щІэблэхэми ящІэн хуейщ совет зауэлІым, дуней псор фашизмэм щызыхъуамак, зэрихьа лІыгъэмрэ хэлъа хахуагъэмрэ зыхуэдэр.

Іуэхур зэфІэкІа нэужь, зауэлІхэм пщІэ зэрыхуащІым и щыхьэту, я кхъащхьэм фочкэр щхьэщагъэкІащ. Абыхэм дакъикъэкІэ яхуэщІыгъуащ феплъ зэхуэсым кьеклуэпІа псорм. ИужькІэ удз гъэгъахэр тралъхьащ сэлэт мыцІыхуэхэм я кхъащхьэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

ЛІыхъужьхэм я фэеплъыр яхъумэ

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэ ИнкІэ зэриуэхэр илъэс 78-рэ зэрырикъур республикэм и щІыналъэ псоми щагъэлъапІащ. Дзэлыкъуэ щІыналъэм и къуажэ клубэм, библиотекэхэм, школхэм къыщызэрагъэпэщащ зауэм и тхыдэр щІэблэм я деж нэзыхьэс Іуэхугъуэхэр. Псоми фІыуэ ялъэгъуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ жаІащ ныбжьыщІэхэм, зи псэ зытахэм я фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ, уафэм шархэр яутІыпщащ. Нэхъыжьхэр ныбжьыщІэхэм ядэгуэшащ зауэм теуха хъыбархэмкІэ, я гукъэкІыжхэмкІэ. ЩІыналъэм щекІуэкІащ «Полк уахътыншэ» Іуэхури, абы хэту «фэеплъ бльн», «фэеплъ щхьэгъубжэ» акцэхэри щыІащ.

- НАКЪЫГЪЭМ и 9-р хахуагъэмрэ Хэку лъагъуныгъэмрэ кьызыхэщ махуэщ, ди къэралым и тхыдэ напэкІуэцІ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. ДощІэ ТекІуэныгъэм уасэу щІатар эыхуэдэр, ди щхьэр яхудогъэщхъ зауэ губгъуэм итахэм, Хэкум кьыщхьэщыхахэм, абы папщІэ зи псэр зытахэм. Зэман дакІащ. Адэхуэхэм я къуэрыпхъуэхэм жраІэж зауэм и хъыбарэр, яхъумэу фэеплъыр. Дэтхэнэми зыхідощІэ а фэеплъыр. Ди лІыхъужьхэм я сурэт тІорысхэм, медалхэм, орденхэм куэд кьытхуаІуатэ. А фэеплъыр ди гум илъыхь, ди щІэблэм ягъэдгъэІэсыху, къэралым иІыхтэнущ и лІыхъужьхэр. Ди къалэнщ совет сэлэтхэм я щІэхэр щымыгъупщэну. Дыжъэхьымэ 1945 гъэм кьытхуазэуа мамырыгъэр, хуитыныгъэр. Ди Хэкур ирегъаІэ, ди уафэр ирекъащхьэ! - захуигъэзащ щІыхьэм Дзэлыкъуэ щыналъэм и администрацэм и унафэщІ Джатэ Руслан.

- ТекІуэныгъэр гъэлъэпІэныр ди щІэблэ дахэр хэкупсэу гъэсэным и зы лъэныкъуэщ.Ахэр тхыдэ фэеплъыр зыхащІу, нэхъыжьхэр яІыытэу, лІыхъужьхэр щапхъэ яхуэхъуу, Хэкур фІыуэ яІъагъуу, ныбжьэгъуэ кьыщхьэщыжьыфу гъэсэн хуейщ. Къэралым щекІуэкІ «Полк уахътыншэ» Іуэхум зэкъуегъэуэ Хэку зауэшхуэр кьызыжьэхэуа унагъуэхэр. Ди зауэлІхэм я фэеплъыр хъумэныжьмкІэ, я лІыхъужьхэм тепсэлъыхьныжьмкІэ, ди къуэпсэр быдэ щыныжьмкІэ сэбэпщ. Ди гум илъщ ди лІыхъужьхэр! - жаІащ Къармэкьэблэ курыт еджапІэ №2-м и егъэджакІуэхэм «Полк уахътыншэм» теухуауэ. Абыхэм я гъэсэнхэр жьыджэру хэтащ ТекІуэныгъэ Иныр гъэлъэпІэным.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗауэлІхэм я щІыхьыр яІэту

Мы махуэхэм дэнэ щІыпІэкІи къыщІэзрагъэпэщ совет зауэлІ хахуэм и щІыхьыр лъагэу щаІэт, щагъэлъапІэ фэеплъ зэІуцІэхэр.

АПХУЭДЭ зэхуэс купщІафІэхэр къызэгъэпэщыным икІи екІуу егъэкІуэкІыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ республикэм и еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм. ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм, абы ипэ къихуэу куэд щызэхэусащ къалэхэм, къуажэхэм, зауэ гуащІэхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм щагъэува феплъхэм деж. Мыгъэрей апхуэдэ Іуэхугъуэхэм кърагъэблагъащ зауэ зэманым фронтым и щІыбагъ гуащІэдзкІ лэжьыгъэшхуэ щызэфІэзыха нэхъыжьыфІхэр, «зауэм и бынкІ» зэджэ щІэблэм ящыщхэр. Іуэхуэхэм жьыджэру хэтащ ди щІыналъэм и жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, кьалэ советым и депутатхэр, щІыпІэ унафэщІхэр, волонтёрхэр, курыт школхэм я егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэ цІыкІуэхэмрэ. А фэеплъхэм деж щрагъэкІуэкІащ маху эшхуэ пэкІри.

Хэкур бий ерым щыэхъуна ди зауэлІ хахуэхэм зэрахьа лІыгъэр цІыкубэм ягу зэрилъыр, фашистыдзэм я псэ емыблэжу пэщІэтахэм я цІэхэр дыщэпскІэ тхуэ я къэрал тхьдэм къызэрыхэнар щыжаІащ а зэІущІэхэм. Сабий садэхэм я гъэсэн цІыкІуэхэмрэ курыт школхэм я еджакІуэхэмрэ зэІущІэхэр ягъэдэхащ мамырыгъэмрэ ТекІуэныгъэмрэ ятеуха я усэхэмкІэ, уэрэдхэмкІэ, кьафэхэмкІэ. Абыхэм ягъэзэщІащ зауэр кьызыхэщ тепльэгъуэ цІыкІуэр.

«Полк уахътыншэр» мы гъэм уэрамхэм ириимыкІуами, Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ щызэзыхьа нэхъыжьыфІхэм я сурэтхэр лъагэу Іэтауэ щаІыгъащ гъэсапІэхэм, еджапІэхэм. Абыхэм ящыщ куэдым кьыщызэрагъэпэщащ «ЛІыхъужьхэм я бльн» гъэлъэгъуэныгъэр. Зауэм хэтахэм, ТекІуэныгъэ Иным папщІэ зи гъащІэр зыта зауэлІхэм я сурэтхэмкІэ гъащІэрэщІа пэшхэм сабийхэр щытепсэлъыхьащ я адэшхуэхэм я адэжхэу хахуэу зэуахэм. НыбжьыщІэхэм я псалъэмакъым кьыхэщырт ахэр мамыру псэуну хуитыныгъэ кьахуэзыхуэу нэхъыжьхэм я лІыгъэм зэрыригушхуэр, абыхэм я фэеплъхэр мыкІуэдыжьну дунейм кьызэрытенар.

НэхъыжьыфІхэр я пашэу, зэхуэсхэм хэтахэм зауэ фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ, мамырыгъэм зи псэр щІэзыта зауэлІхэм я щхьэр хуагъэщхъуну, абыхэм я фэеплъым хуэщыгъуэу.

ТАМБИЙ Линэ.

Ди къэкІуэнум дыззкъуегъэувэ

«Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ зэхуаку ветеринар лабораторэ» курыт Іуэхущ Іапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуурокъуэ Хьэутийрэ «Гъаварэ и фІагъыр къэзыпщытэ Іэнатіэ» къэрал Іуэхущапіэм Ставрополь щыІэ къудамэм и унафэщІ Котло Анатолийрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ 1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэда зауэлІхэм хуагъэува «ЩІыхьым и МафІэ мыужьых» фэеплъым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу къэзымыгъэзэжахэм я фэеплъым пщІэ хуащІу абдеж щызэхэуасат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, а илъэс гуГуэхэм лэжьахэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэр, «Гъавэм и фІагъыр къэзыпщытэ Іэнатіэ» къэрал Іуэхущапіэм Ставрополь щІэ къудамэм и лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаззм, **Сэхъурокъуэ Хьэутий** кьыхигъэщащ ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр нэхъ лъапІэ дыдэхэм, мыхьэнэщхуэ зиІэхэм сыт щыгъуи зэращыщынур. «Мы Іуэхугъуэр ди Хэкур зыхъумахэм я фэеплъщ. Ар зауэм кьимыкІыжахэм, лІыгъэ яхэлъу я кІуэлыкъум пэрытахэм, къэралым и кьэкІуэным папщІэ зи гъащІэр зытахэм фІыщІэ ин зэрахэтщІыпрэ ахэр дигу зэрилъымрэ кьэзыгъэльагъэущ, - жиІащ Сэхъурокъуэм. - Мы зэманми ди къэралым и Президентыр Урысейр зэрихьумэну Іэмалхэм хуэмыкІуэу зыкъакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІуэ пажэхэри иджыпсту а Іэнатіэ мытынышм пэрытщ. Абы зэкІуэдахэм, ди къуажэкІуэхэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьынщ. Зыри дызэщыхькъым дз, ауэ псоми зы плъапІэщ диІэр - дыхуейщ ди щІэблэм я гъащІэр мамыру, гъэщІэгъуэну ирахьэкІыну, щІэныгъэрэ хабзэрэ яхэлъу зэрыту щытыным зэрыхущІэкъуэр, Урысейм Кьэрэсей-пІэмэ КІуэкІапІэмэ лъэпкъ жагъуэгъуэ бии зэрыщымыІэр.

Пандемиемэ и хабзэхэр Іуахыж

Узынщагъэр хъумэныжьмкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) 2020 гъэ лъандэрэ COVID-19-м щхьэкІэ ягъэува пандемиемэ и хабзэхэм кьару имыІэжу кьилъытащ.

ВОЗ-м и унафэщІ Геббрейсус Тедрос жиІащ ужьрей илъэсым я зэгухьэныгъэм кьызэрымыкІуэ Іуэхухэмкіэ и комитетыр щытыкІэм ткІийуэ кІэлъыплъкІэрэ узыфэр нэхъ шынагъуэншэ щыхъуну зэманыр кьэхутэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар икІи абы кьрикІуам илъэ иткІэ апхуэдэ унафэ кьызэращтар.

«Апхуэдэу щытми, коронавирус узыфэ зэрыцІалэр нобэрей ди гъащІэм кьыхэнащ, ди дохутырхэр иджыри COVID-19-р зыпкъырыт сымаджэхэм йоІэзэ, - жиІащ УФ-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и дэлэпкъыхъуэгъу Кузнецов Алексей. - Вирусым и щыгъуэ зэрахьэ фІэщыгъэхэм я щхьэр щыгъупщэ щытыкІэм игъэутынкІэ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэм. Ужьфэ зэрыцІалэм зэрызыщыпхъумэфыну кьэнэжьи вакцинэращ. Псом хуэмыдэу зыкІэлъэпльжьыпхъэщ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ узыфэ хэтІэса зиІэхэмрэ».

ВОЗ-м кьызэриты мкІэ, пандемием и лъэхъэнэм коронавирус узыфэ зэрыцІалэм цІыку мелуан 20-м нэблагъэ илІыкІащ. Абыхэм ящыщу мелуани 6,9-м я гъащІэр ихьащ COVID-19-м, адрейхэр вирусым кьигъэхъеи уз гъэтІыпльахэм кьелакъым.

Нобэ

♦1934 гъэм КЪБР-м ПромышленностымкІэ и управленэ кьызэрагъэпэщащ.

♦1931 гъэм къалъхуащ философие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **АфэщІыж Марат**.

♦1969 гъэм къалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ, республикэм щІыхь зиІэ и экономист **Мусуков Алий**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэшх кьыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 15, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Мамырыгъэм хущІокъу

Германием и канцлер Шольц Олаф Европарламентым щыжиІащ Москва щекІуэкІа ТекІуэныгъэм и парадым и утыку къихьа зауэлІхэмрэ абы щагъэлъэгъуа дзэ техникэмрэ щхьэкІэ Европэр Урысейм щышынэн зэрыхуэмейр. Апхуэдэу абы Европэ зэгухьэныгъэм хэтхэр хъухуриджащ адэкІи Украинэр даІыгъуну.

«ПУТИН Владимир и ракетэхэмкІэ, танкхэмрэ сэлэтхэмкІэ дэ дигъэшынэфынукъым, къэралитІым я зэныкъуэкъуэм зи лъэныкъуэр дубыдауэ щыта Украинэм и телъхьэу дыщытынущ ар ди дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхукІэ, - жиІащ нэмыщэ политикым. - Европэм игъэзэжын хуейм, ныкъ лъэщым и хабзэхэр щытепщэу, къэрал щІыкІуэр къэралыгъуэ нэхъ инхэм я жьІэм щыщІэту щыта зэманым».

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Утыку Плъыжьым кьыщыщыпсалъэм жиІащ ди къэралым аргуэру зауэ кьызэрыращыІлІар, Кьухьэпіэм ар зэкъуигъэхуныжрэ зэхикъутэнымрэ зэрыхущІэкъуэр. КъэралуэфащІым кьыхигъэщащ къэралым и кьэкІуэнуэ мамыру, щхьэхуиту, зэпІэзэрыту щытыным зэрыхущІэкъуэр, Урысейм Кьэрэсей-пІэмэ КІуэкІапІэмэ лъэпкъ жагъуэгъуэ бии зэрыщымыІэр.

ВОЗ-м и унафэщІ Геббрейсус Тедрос жиІащ ужьрей илъэсым я зэгухьэныгъэм кьызэрымыкІуэ Іуэхухэмкіэ и комитетыр щытыкІэм ткІийуэ кІэлъыплъкІэрэ узыфэр нэхъ шынагъуэншэ щыхъуну зэманыр кьэхутэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар икІи абы кьрикІуам илъэ иткІэ апхуэдэ унафэ кьызэращтар.

«Апхуэдэу щытми, коронавирус узыфэ зэрыцІалэр нобэрей ди гъащІэм кьыхэнащ, ди дохутырхэр иджыри COVID-19-р зыпкъырыт сымаджэхэм йоІэзэ, - жиІащ УФ-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и дэлэпкъыхъуэгъу Кузнецов Алексей. - Вирусым и щыгъуэ зэрахьэ фІэщыгъэхэм я щхьэр щыгъупщэ щытыкІэм игъэутынкІэ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэм. Ужьфэ зэрыцІалэм зэрызыщыпхъумэфыну кьэнэжьи вакцинэращ. Псом хуэмыдэу зыкІэлъэпльжьыпхъэщ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ узыфэ хэтІэса зиІэхэмрэ».

ВОЗ-м кьызэриты мкІэ, пандемием и лъэхъэнэм коронавирус узыфэ зэрыцІалэм цІыку мелуан 20-м нэблагъэ илІыкІащ. Абыхэм ящыщу мелуани 6,9-м я гъащІэр ихьащ COVID-19-м, адрейхэр вирусым кьигъэхъеи уз гъэтІыпльахэм кьелакъым.

Нобэ

♦1934 гъэм КЪБР-м ПромышленностымкІэ и управленэ кьызэрагъэпэщащ.

♦1931 гъэм къалъхуащ философие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **АфэщІыж Марат**.

♦1969 гъэм къалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ, республикэм щІыхь зиІэ и экономист **Мусуков Алий**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэшх кьыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 15, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

Шынэ здэщымыІэм укІытэ щыІэкъым.

Куэдым къахуэщхьэпэну тхылъ

«Кавказ. Бгы щыгуэхэм зэрахьэ географие фІэщыгъэхэр» псалъащхьэм щІэту Котляровэхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм псалъалъэ хэщІащ. Абы итщ совет альпинист цІэрыІуэ, «Альпинист СССР» дамыгъэм и І степеныр яІэу зыхуагъэфэщащэм яхэта Рототаев Павел и гъащІэм кьриубыдэу зэхуихьэса тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр.

РОТОТАЕВЫР альпинист къудей мыхъуу, гъащІэ, дуней еплъыкІэ гъэщІэгъуэнхэр зиІэ цІыхут, и дэтхэнэ зы тхыгъэми щІэныгъэ мыхьэнэ епт хъуну. Кавказым и кьурш нэхъ лъагэхэм (Іуащхьэмахуэ, Донгузорун, Джайлык, Топюбаши, Ирикчат) яхэткъым кьимыгъэІурыщІа икІи абыхэм я дэтхэнэми теухуа кьубар гъэщІэгъуэнхэр зэрызыгъэкІащ. КьищынэмыщІауэ, кьыпикІухьакъым альпинист гъащІэм пщІэ гуГуехьэмрэ куэдыр зыщымыгъуазэ щэхухэмрэ. Абыхэм яхэтщ ди республикэм ехьэлІауэ итхыжахэри: «Терскол - армейцхэм я хэщІапІэ» (Москва, 1963 гъэ), «Бгы пІэ щыпІэхэм» (Налшык, 1966 гъэ), Къабэрдей-Балъкъэрым и бгы щыгуэхэм зэрахьэ фІэщыгъэхэм я псалъалъэ» (Налшык, 1969 гъэ), «КъарагъэлырыщІа щыгу абрагъуэхэр» (Москва, 1975 гъэ).

Кавказым и кьурш щыгуэхэм япэгъунэгъу узыщІ тхыгъэхэр совет альпинизмэм теухуа кьыдэкІыгъуэхэм тхыгъэ щхьэхуэу иту дунейм кьытехьа мыхъумэ, ахэр псори щызэхуэса нобэм кьэс щыІакъым.

Мыри кьыхэгъэщыпхъащ - 1969 гъэм къыдэкІа, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгы щыгуэхэм зэрахьэ цІэхэм я псалъалъэр» - щІэрыщІэу къыдагъэкІыжауэ щыІэкъым. Абы ит тхыгъэхэр Рототаевым илъэс 30-кІэ зэхуихьэсат, ди щІыналъэм щыпсэухэм, ди щІэныгъэлІхэм къыдэкІыжа псалъэмакъэм ялкъ иту. Апхуэдэу къигъэсбэпат ди тхыдэм теухуа литературэхэр, псалъалъэхэр.

Тхылъым ущегъэгъуазэ бгы щыгуэхэм я фІэщыгъэхэр къызытехьэкІам, абыхэм я Іэхэлъахэхэм щыІэ щыпІэхэм, кавказ щхьэхуэм япэу дэкІахэм я цІэхэмрэ щыдэкІа зэманымрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Романхэр газетхэм къытрадзэ зэрыхъуар

Романышхуэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпыудауэ газетхэм къытрадзэн щыщIадзар XIX лIэщIыгъуэрщ. Зыгъэпсэхугъуэ махуэм ирихьэлIэу, тхьэмахуэ къэс щIэджыкIакIуэм тхыгъэ щIэщыгъуэ зэрыIэрыхьэм газетым мыхьэнэ щхьэхуэ иритырт, езыри къаригъэлъыхъуэрт. Сыт хуэдэ фейдэуэ пIэрэт редакторхэм хахыр къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр къэсыху пщыгъупщэжынкIи хъуну роман пычыгъуэхэр къызэрытрадзэм?

ТОЛСТОЙ, Бальзак, Дюма сымэ я тхылъ цIэрыIуэхэр щIэджыкIакIуэхэм япэу щалъэгъуар газет напэкIуэцIхэрщ. А зэманым газетхэр къэпщэхуну бгъуэтыртэкъым, Iэ щIэбдзыну фIэкIаи, апхуэдэ щIыкIэу щIэджыкIакIуэхэм я бжыгъэм зрагъэубгъуу арат. Ди зэманыр къэтщтэнщи, иджыпсту хуэдэу зэрыб хьэрфхэр тыншу къызэращып Iэмал дрихьэлIауэ къытхуэщIэжыркъыми, абы тхылъри тхылъымпIэри нэхъ пуд ищIакъым. Тхылъ къэпщэхуныр губзыгъагъэу къэзылъытэхэми а насыпыр ноби тыншу зрагъэхъулIэфыркъым.

Пасэ зэманым тхылъ къыдэбгъэкIыным бэлыхьу пыщIауэ щытам ищIыIужкIэ, къарурэ зэману ихьыр нэхъыбэжт. ЦIыху щхьэхуэм тхылъ къищэхуныр пщIыхьэпIэм хуэдэт. Телевизор щыщымыIэкIэ, къеджэкIэ зыщIэм зэштегъэупIэ хуэхъу тхылъхэр гъуэтыгъуей дыдэти, роман къызытехуэнкIи хъуну газетым Iэ щIэбдзыныр а тхъэгъуэр зэрызэбгъэхъулIэфыну Iэмалхэм язт.

«Газетым тет роман» жыпхъэр къызэрагупсысар революцэм хуагъэдэу, журналистикэми литературэми икъукIэ хуэщхьэпа Iуэхущ. Гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ уакъыфIэкIмэ, абы и фIыгъэкIэ тхакIуэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ нэхъ зэлъэIэсыфырт, зым адрейм чэнджэщ ириту, зэдауэу, зэрегъэфIакIуэу. «Зэхьэзэхуэр мэунэ» щIыжаIари апхуэдэ гуэркъэ?

XVII лIэщIыгъуэм цIыхубэр дэзыхьэха, Дюрфе Оноре итха «Астрея» романыр псори зэхэту напэкIуэцI мини 5-м нэсырти, Европэр зэрыщыту зэщIищтауэ, ар илъэс 20-кIэ, 1607 - 1627 гъэхэм газетым къытрадзауэ щытащ. Газетеджэхэр къахуэмыгъэсу апхуэдизкIэ пэплъэрт къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэми, ар къытрадзэху зэманыр зэхуэсурэ ягъакIуэрт, зэгухьэныгъэ зыбжанэ зэрыгъэхъуарэ ахъшэ зэхэдзэкIэ газетым Iэ щIадзу. Дюрфе романыр имыухыпэу дунейм ехыжри, кIэухыр нэгъуэщIхэм нагъэсыжати, щIэджыкIакIуэхэм абыи занщIэу гу лъатат.

Революцэ дыдэ къыщыхъуар газетхэм «щIыунэ» жыхуаIэ Iыхьэм хуэдэ хупадза нэужьщ. Ари япэ дыдэ къыщыхъуар Франджырщ. Къэралым газетым и инагъым унафэ тримыщIыхьу хъунутэкъыми, хуитыныгъэшхуэ зэрырамытым хуэдэу, XIX лIэщIыгъуэм и пэм редактор щхьэхуэхэр хуит ящIащ Iэ зэрыщIадз уасэм хамыгъахъуэу, газетыр IыхьитI иращIыкIыну: зы Iыхьэм хъыбарыщIэхэр, политикэм, цIыхубэ гъащIэм теухуа тхыгъэхэр иратхэрт. Адрейм - иджы «фельетон» мыхьэнэмкIэ тцIыху тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, романхэри яхэту, къытрадзэну хуитт.

ЗэхъуэкIыныгъэм и щхьэусыгъуэр цIыхухэр газетым Iэ традзэным трагъэгушхуэнырт. ЛэжьакIуэхэм я улахуэр цIыкIути, ар куэдым яхузэфIэкIыртэкъым. ЦIыхуитI-щы зэгухьэурэ зы газетым традзэфми, арат. (Мыр пасэрейхэм я хьэлу щытауэ, иджырейхэм дехъулIарэ зыдужьауэ зыкъытщыхъуж щхьэкIэ, куэд щIакъым ди щIэджыкIакIуэхэм я зым къызэрыджиIэрэ: «Ди гъунэгъу хьэблэм я газетхэр къыхуахьыркъыми, псори си «Адыгэ псалъэр» къыщысIэрыхьэнум поплъэ», - жиIэу).

А зэхъуэкIыныгъэр хабзэ щыхъуа лъэхъэнэрт Бальзак и «Зи ишэгъуэ хъыджэбз» романыр щитхар. Ар къызытехуа «Пресса» газетым и къыдэкIыгъуэ 12-р щхьэзэрыфIэтхъыу зэрапхъуауэ щытащ.

Газетым къытрадзэ романхэми къалэн пыухыкIа хуагъэувырт. Абы и зэхэлъыкIэр зы дакъикъи укъимыутIыпщу щIэщыгъуэу щытын хуейт. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэ къэс абы и пэ къэхъуахэр уигу къэзыгъэкIыж псалъэухаитI-щы хатхэрт. ТхакIуэхэр егъэлеяуэ цIэрыIуэ ищIат мы Iуэхум, сыту жыпIэмэ, тхьэмахуэ къэс къытрадзэ тхыгъэм и фIыгъэкIэ, абы и цIэр унэунэкIэ щагъэIурт.

Толстой Лев и «Анна Каренина» романыр апхуэдэ дыдэу Iыхьэ-Iыхьэу къытрадзэу щытащ. ЗэрыжаIэмкIэ, тхыгъэр зэуIуу иджыри зымылъэгъуа критикхэри нэхъ гуащIэ ищIырт мыпхуэдэ тедзэкIэм. ГъэщIэгъуэнращи, иужькIэ «тхылъыфIщ» зыхужаIэжауэ газет напэкIуэцIхэм къащыгурымыIуаи, роман мыхьэнэншэу газетым зи пщIэ иIэтаи къахэхуэрт.

«Дюма и романхэр цIыху зыбжанэм ятхащ», - щыжаIэм деж догъэщIагъуэ. Ауэ ардыдэр ди зэманми и нэщэнэ хъуауэ, «тхылъ сериалхэр» зыфIаща жыпхъэм щIэгъэхуэбжьауэ зеужь. Интернетыр къызэрежьэрэ тхылъым и пщIэр кIэрыхуауэ къызыщыхъухэри щоуэ. Ауэ щыуагъэхэм я нэхъ инщ цIыху цIыкIум дунейр къызэрыунэхурэ зэхуихьэса щIэныгъэр зыхъумэ тхылъхэм уи нэ къахуимыкIыныр. Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсакIэ узэджэнури хэт, абы нэмыщI?

Пащтыхь тажыр зэщIопщIыпщIэ

«Сытуи ухьэлъэ уэ, Мономах и пыIэ!» - жеIэри, псэлъафэ гуэр хэтщ урысыбзэм. Пушкин Александр и «Борис Годунов» тхыгъэм щыщщ а сатырыр. Пащтыхьхэм щхьэратIагъэ тажым и гугъу ищIкIэрэ, усакIуэр унафэщI къалэным пыщIа гугъуехьым тепсэлъыхьу арат. Тажыр хьэлъэ зыщIыр абы хэгъэпщIа мывэ лъапIэхэм я закъуэкъым. Напэ зиIэм дежкIэ, цIыхум и унафэ пщIыныр IэнатIэ зехьэгъуейщ. Инджылызым и пащтыхь Карл Ещанэр тхьэмахуэ кIуам а къалэным тхьэрыIуэкIэ пэрыуващ.

2022 ГЪЭМ дунейм ехыжа инджылыз пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтIуанэм и къуэ, пащтыхьыкъуэ Чарлзу щыта, иджы Карл Ещанэ зыфIащар щэкIуэгъуэм илъэс 75-рэ ирикъунущ. Елизаветэ илъэс 70-кIэ пащтыхь гуащэу зэрыщытам къыхэкIыу, апхуэдиз илъэс лъандэрэ Инджылызым щалъэгъуакъым мы дауэдапщэ нэгузыужьыр. ХьэщIэ мини 2-м нэс зрагъэблэгъа махуэ лъапIэр щэбэтым, накъыгъэм и 6-м, траухуат. Лондон и зэманымкIэ пщэдджыжьым сыхьэт 11-м, Карл Ещанэмрэ абы и щхьэгъусэ Камиллэрэ я пашэу, пащтыхь унагъуэр Букингем сэрейм щIэкIри, Вестминстер тхьэелъэIупIэм кIуэну гъуэгу теувахэщ.

Елизаветэ ЕтIуанэр илъэс 60 щрикъуам щыгъуэ хуащIа гуимэ щIэращIэм ист джэдыгу хужь зырыз зытеубгъуа Карлрэ абы и щхьэгъусэ Камиллэрэ. Пащтыхьым и ужь итт и къуэ нэхъыжь Уильям, абы и щхьэгъусэ Кэтрин, абыхэм я бынищыр, дэтхэнэ зыри нэм къыфIэмынэнкIэ Iэмал имыIэу, екIуу хуэпауэ. Уильям ипхъу, илъэсихым ит Шарлоттэрэ илъэсищ фIэкIа мыхъу и щIалэ нэхъыщIэ Луирэ я Iэпэхэр зэрыIыгъыу адэ-анэм я ужь итт. Илъэси 9-м ит Джордж и къалэныр нэхъ лъапIэт: ар и адэшхуэм и джэдыгу кIапэр щIэзыIэтэ щIалэ цIыкIуищым язт. Хъыджэбз цIыкIуми абы и анэми абджыпсымрэ дыжьын Iуданэхэмрэ къыхэщIыкIа щхьэцфIэлъхьэ зэхэухуэна ящхьэрыгът. ТIуми ящыгъ бостей хужьхэм я щIыIу теубгъуэн зырыз къытелъыжт: Шарлоттэ ейр хужьт, Кэтрин ейр Инджылызым и нып зэхэлъыкIэр уигу къэзыгъэкI щэкIым къыхэщIыкIат.

Америкэм къикIыжа пащтыхьыкъуэ Гарри и закъуэт. ЗэрыжаIэмкIэ, пащтыхьым тажыр щхьэритIэгъэным ехьэлIа Iуэхухэр абы и къуэ Арчи къыщалъхуа махуэм техуащ икIи нысащIэм ар щхьэусыгъуэ ищIри, Лондон къэкIуакъым.

Мыпхуэдэ дауэдапщэхэм нэхъыщхьэу хэтыр IэнатIэм пэрыувэмрэ абы еувалIэхэмрэ зэIэпах тхьэрыIуэхэрщ. Вестминстер тхьэелъэIупIэм нэса нэужь, Карл Ещанэм и хьэщIэ мини 2-м я пащхьэ иту тхьэ иIуащ чыристан диным тету унафэр зэрызэрихьэнумкIэ, хуэфэщэн тхьэлъэIури къибжащ. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр Карл иджыри Чарльзу щыщытам щыгъуэ, щэхуу муслъымэн диным ихьауэ зэрагъэхъыбарырщ. Щыхьэту къэувахэри зи псалъэр жьым хэзыпхъэ цIыхухэм ящыщкъым. БгъущI гъэхэм тхыгъэ зыбжанэ дунейм къытехьауэ щытащ, ар наIуэу щыжамыIэпэми, уигу къагъэкIыу. Лагъым къагъэуам ещхьут утыку къызэрырахьар «Букингем сэрейм щIэс муслъымэнхэр», «Хьэрып пащтыхьыкъуэ Чарльз» тхыгъэхэр. Ахэр тепсэлъыхьырт пащтыхь гуащэ Елизаветэ и лъэпкъ жыгыр Мухьэмэд ЛIыкIуэ лъапIэм и къуэпсым зэрекIуэлIэжым. ЗэрыжаIэмкIэ, лъэпкъым я къежьапIэр пасэ зэманым муслъымэнхэм яIыгъа Испаниерщ. Хъыбарыр пэжу гурыщхъуэ уэзыгъэщIхэм хохьэ Карл «пащтыхьыкъуэ Хъусейн» цIэр зэрыкIэрыпщIари, утыку ихьэгъуэ щIагъуэ къэмынэу, ислъам хабзэр цIыхубэ гъащIэм хуэщхьэпэнкIэ гугъэшхуэ уигъэщIу зэрыжиIэ зэпытри.

Нэм нэхъ къыфIэнэу дауэдапщэм къыщыхъуахэм язщ Карл и щхьэм пащтыхь тажыр зэрыщхьэрагъэсар. Мывэ лъапIэ 400 зыхэгъэпщIа «Эдуард лъапIэм и тажыр» илъэс 360-рэ ипэкIэ дыщэ зэфэзэщым къыхащIыкIауэ щытащ. Инджылызым и дэтхэнэ пащтыхьми ар псэуху зэ закъуэ, мис мыпхуэдэ тхьэрыIуэгъуэм щыщхьэретIагъэ.

Камиллэ щхьэратIэгъар 1911 гъэм Карл и анэшхуэм и анэм щхьэкIэ ящIауэ щыта гуащэ тажырщ. Камиллэ пащтыхьыгъуэр хуэзымыгъэфащэ цIыху минхэр къыдыхьат инджылыз уэрамхэм, уеблэмэ цIыху 52-м нэс ягъэтIысауэ жаIэ. Езы Карл Ещанэр зыгуэру ягу трагъахуэми, абы и щхьэгъусэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъуркъым. Iуэхум и пэжыпIэр нобэми зэрымынаIуэм хуэдэу, цIыхубэм я гупсэу щыта, пащтыхьым и япэ щхьэгъусэ, и къуитIым я анэ Дианэ пасэу дунейм зэрехыжамкIэ ягъэкъуаншэ Карлрэ Камиллэрэ. Дианэ зыхэкIуэда гъуэгу гузэвэгъуэр къыщыхъуар зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжа нэужьт, итIани, фIыкIэ ягу къинэжа цIыхубзым къыщыщIар иджы зи хьэмтетыгъуэхэм ирапх. Арагъэнщ нэр зытепщIыпщIыкI дауэдапщэр мащIэу хуэнэщхъейуэ къыщIыпфIэщIар. Шур зэрытесым хуэдэу, зыш яхуэмыубыду, гъуэгум щеувэкIа цIыхухэм яхэлъэдат. КъинэмыщIауэ, зыми къыгурыIуакъым напIэзыпIэм къыкъуэхуу, фIыцIэу хуэпа шынагъуэ гуэр нэхум хэту зэрыблэжари.

И ныбжьыр зэрыхэкIуэтам къыхэкIыу, псори щыгугъырт Карл Ещанэм пащтыхьыгъуэр зи къару илъыгъуэ и къуэ Уильям лъигъэсу, езыр текIуэтыну. ЩIалэ нэхъыжьымрэ абы и щхьэгъусэ Миддлтон Кэтринрэ фIыуэ ялъагъу цIыхухэм. Кейт щыцIыкIум Иорданием илъэсищкIэ щыпсэуащ, и адэр абы щылажьэрти. ЗэрыщIыкIафIэр къуэкIыпIэ хабзэхэм зэрыщыгъуазэм ирапх. Хьэлыншагъи, псынщIагъи, емыкIуи зэи далъэгъуакъым. И сабийхэм яхилъхьэ гъэсэныгъэри абы и щыхьэтщ.

Зи гугъу тщIы дауэдапщэм къызэригъэувым тету, Уильям-пащтыхьыкъуэр и адэм бгъэдыхьэри, тхьэ иIуащ: «Сэ, Уэльсым и пащтыхьыкъуэ Уильям, узгъэпэжыну тхьэ соIуэ, дунеягъэми ахърэтми сыщыуипщылIщ, Тхьэр къыздэIэпыкъуну сыщогугъ!» «Амин. Упсэу, Уильям!» - гуапэу къыжриIэжащ пащтыхьым, хабзэм текIуэтри.

И щхьэм джэдыкIэхэр къыщраутIыпщ къыхэхуэу, Карл жагъуэгъу и куэду щытми, цIыху вэгъзэгъыу фэ тетщ. Мазаем Камиллэ и гъусэу Карл Лондон дэт мэжджыт гуэрым щIыхьати, и вакъэр лъиха нэужь, и лъэпэдыр гъуанэу къызэрыщIэкIам дуней хъурейр тепсэлъыхьат. Тхылъ зыбжанэ итхауэ, щIэныгъэ куу бгъэдэлъу жаIэ Карл, и утыку ихьэкIэхэри губзыгъэу зэгъэзэхуащ.

Кърагъэблэгъа хьэщIэхэм яхэтащ США-м и президент Байден Джо и щхьэгъусэ Джиллрэ зэщхьэгъусэхэм я къуэрылъху хъыджэбзымрэ. Франджым и президент Макрон и щхьэгъусэ Бриджит къыздишат. Канадэм и президент Трюдо Жастин и закъуэт. Ещанэ сатырым хуэзэ тIысыпIэт хуагъэхьэзырар Карл и къуэ нэхъыщIэ Гарри. Америкэм щыпсэу абы и щхьэгъусэ Маркл Меганрэ езы щIалэмрэ псынщIафэ ирапль. Пащтыхь гуащэр псэууэ а тIум зыщхьэщахауэ щытащ унагъуэм зэрыщыщым къатрилъхьэ къалэнхэр. Куэд щIакъым Гарри и IэдакъэщIэкIыу унагъуэм и щэхухэр щиIуатэ тхылъ къызэрыдэкIрэ. Езыхэм нэхъыжьыгъэ къазэрылъымысым игъэщхьэрыуа щIалэмрэ нысащIэмрэ нэгъуэщI IэмалкIэ цIэрыIуэ защIыну мурад ящIауэ фэ ятетщ. КъемыхъулIауи пхужыIэнукъым.

Пащхьыгъуэр къалъысин-къалъымысыным елъытауэ, апхуэдизу хэIэтыкIа унагъуэм исхэм зым адрейм гукъанэ хуещI. Сыт-тIэ цIыху къызэрыгуэкIым игу къэкIын хуейр, мыпхуэдэ дауэдапщэм щеплъкIэ? Зы цIыхур апхуэдэу адрейм щхьэщызыIэтыкI хабзэри дэнэ нэсрэ?

ТхьэрыIуэкIэ Карл бгъэдэуващ нобэми Инджылызым и унафэм щIэт къэрал 15-р. Ямайкэм щхьэхуэ зищIыну зэрыхуейр къигъэнэIуащ. Уэльсымрэ Шотландиемрэ гуэкIыну хуейщ, арщхьэкIэ яутIыпщыныфэкъым.

Бдзэжьей къуэлэнхэр ягъэбагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «РосГидро» IуэхущIапIэм и энергетикхэм ди псыежэххэм илъэс зыбжанэ хъуауэ хаутIыпщхьа бдзэжьей къуэлэнхэм я бжыгъэр мелуани 2,5-м щIегъу. Мы гъэм абы иджыри къыхагъэхъуэну я мурадщ.

УРЫСЕЙМ и псыежэххэм щыкIуэдыжынкIэ зытешыныхьу щыта а бдзэжьей лIэужьыгъуэр гъэбэгъуэжыным теухуауэ къыхалъхьа щIыуэпс акцэм хиубыдэу иджы хуэдэ зэманым ахэр мин бжыгъэкIэрэ псыхэм хаутIыпщхьэу къокIуэкI. 2020 гъэм и закъуэ а бжыгъэр зы мелуаным нагъэсауэ щытащ. ТхьэмахуиплIым къриубыдэу апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIат Тэрч, Шэрэдж, Шэджэм, Бахъсэн, Балъкъ псыхэм.

Псыежэххэм ахэр хаутIыпщхьэн ипэкIэ бдзэжьей хозяйствэхэм пIалъэкIэ щаIыгъщ, я кIыхьагъыр сантиметри 10 - 12-м нэсыху. ИужькIэ а Iуэхум хуэщIа икIи къабзагъэ мардэ лъагэхэм тету зэрахьэ цистернэ щхьэхуэхэмкIэ псыежэххэр здэщыIэ щIыпIэхэм яшэ, абы зэрыхаутIыпщхьэным хуэхьэзыру. Iуэхур куэдкIэ елъытащ КъБР-м и гидроэлектростанцхэм я щытыкIэм. Къапщтэмэ, Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС зэрыIыгъхэр къызэгъэпэщащ бдзэжьейр хуиту щызекIуэ иджырей кIэнауэ зэIухахэмкIэ, хугу хэпхъэгъуэм абыхэм зэран яхуэмыхъун хуэдэу.

ЦIыхур зэфэну псы къабзэмкIэ дуней псом щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ гугъуехьхэр хэт и дежкIи щэхукъым. Абыхэм елъытауэ, дэ дофэ къуршым къыщIэж псы къабзэ, ди псыежэххэми бдзэжьей къуэлэнхэр щыгъэбэгъуэнми мылъкушхуэ къэралым трегъэкIуадэ. А IуэхумкIэ жэуап зыхь «РусГидро»-м, фIыщIэ хуэфащэу, и къалэныр абдежми щиухыркъым: Тхылъ Плъыжьым ит псэущхьэхэр, заповедникхэр, псыежэххэм я къабзагъэр, абыхэм я нэIэм щIэту хъума мэхъу, турист лъагъуэщIэхэр къоунэху. А IуэхущIапIэм и Iуэхутхьэбзэр нэхъыбэу зылъысхэм ящыщщ зи щIыуэпсыр къулей Къэбэрдей-Балъкъэрри. Бдзэжьей къуэлэнхэр ди псыежэххэм щыгъэбэгъуэжынымкIэ «РусГидро»-м къыкъуэтщ «Росрыболовство» компанием и Каспий щIыналъэ IуэхущIапIэр.

Нэхъапэм бдзэжьей къуэлэнхэр ди псыежэххэм хэсу щытащ, къунтхкIэ къызэраубыдым нэмыщI, псыхэр къыщиум, ныджэхэм хуэфIу къытридзэу. Пэжу, иджы абыхэм апхуэдэ лей къытрагъэхьэжынукъым, гугъу дехьу зэфIагъэувэж Iуэхур кIэлъыплъакIуэхэм я нэIэ щIэтынущ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм адэкIи пащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Псэм фIэфI IэщIагъэ

Нэхущ Светланэ психологщ, логопедщ, дефектологщ. Къапщтэмэ, а IэщIагъэхэр зэпхакъызэдэгъуэгурыкIуэщ. Езым зэрыжиIэмкIэ, зыр адрейм сэбэп щохъу. Светланэ зыдэлажьэр сабийхэрщ - «Дельфин-Нальчик» сабий зегъэужьыпIэм и логопедщ. И лэжьыгъэмкIэ къыхуэарэзы адэ-анэхэм абы фIыщIэ хуащI.

Зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу бзылъхугъэм къыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Светэ, IэщIагъэу зэбгъэгъуэтахэм къытхутепсэлъыхьыт.

- 2008 гъэм Иджырей гуманитар академиер (СГА) психолог IэщIагъэр сиIэу къэзухащ. 2017 гъэм - логопед, 2019-м - дефектолог IэщIагъэхэри зэзгъэгъуэтащ. Сэ психологиемкIэ къызэрыщIэздзар сэбэп къысхуэхъуауэ къызолъытэ. Абы Iэмал къует адэкIэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ уи щIэныгъэм зебгъэужьынуми нэхъ тыншу зэхэбгъэкIыну. Психологыу еджэн щыщIэздзам къызгурыIуат сабийм зегъэужьыным си щIэныгъэр еспхыну сызэрыхуейр. Япэ IэщIагъэм срилэжьэну къысхуихуакъым, пэжым ухуеймэ. Унагъуэ сихьат, бын къытхэхъуати, къалэныр куэдт. Ахэр къыдэкIуэтея нэужь, мурад сщIащ сылэжьэну, ауэ медицинэри щIэныгъэри я пIэм иткъым - си щIэныгъэм хэзгъэхъуэжын хуейт. СГА-м сыщезыгъэджауэ щыта психолог Iэзэ Мокаевэ Маржан абы щыгъуэ щIэныгъэм щыхагъэхъуэ центрым щылажьэрти, и чэнджэщкIэ, етIуанэ IэщIагъэу логопедием сыхуеджащ. Сыдихьэхащи, чэнджэщакIуэ схуэхъуауэ щыта си егъэджакIуэми фIыщIэ хузощI.

- Сыт цIыкIухэм ядэлажьэ логопедыр зыгъэгуфIэр?

- Сабийхэм гугъу зэразыдезгъэхьым мыхьэнэ зэриIэр, абыхэм зэрызаужьыр щыслъагъукIэ, езы цIыкIухэми адэ-анэхэми ар фIыщIэ щащIкIэ, си гур хохъуэ. Аращ си IэщIагъэм къыхэсх гукъыдэжыр къыздикIыр.

- Нэхъ гугъур - щэ?

- Нэхъ гугъур сэбэп узыхуэмыхъуфын сабий къыщыпхуашэрщ, абы уи гур хегъэщI.

- Сабийхэмрэ гаджетхэмрэ. Сыт жыпIэнт абы теухуауэ?

- Ди зэманым сабийхэм я зыужьыныгъэмрэ узыншагъэмрэ ятеухуауэ телефонхэмрэ гаджетхэмрэ зэран зэрыхъур къыпхуэмыIуэтэн хуэдизу хэплъэгъуэщ. Сабийм дэлажьэ сыт хуэдэ дохутырми еупщIи, жиIэнщ ар телефоным дебгъэхьэх зэрымыхъунур, адэ-анэ куэдым я бынхэр зэпымыууэ зрагъэплъ видеохэм, таурыхъ цIыкIухэм я хъым сабийм и гупсысэ зэрымыубыдар зэрихуэр. Сэ си IэщIагъэр сабийм и бзэм епхащи, адэ-анэхэм яжызоIэ гаджетхэм узыхуашэнкIэ хъуну гугъуехьхэр. Псом хуэмыдэу ар яхуэгъэзащ нэхъ цIыкIу дыдэхэм, сыту жыпIэмэ, абыхэм я псэр махэщ.

Къызыщыхъу щыIэщ телефонымкIэ зэплъ видеохэм сабийм зрагъэужьу, балигъхэр гугъу демыхьу абы езырезыру гупсысэу иригъасэу. Ар пцIыщ. Сабийм и гупсысэр а техникэм къыIэщIэхын хуейщ - ар зыхуэныкъуэр хуабагъэрэ гулъытэрэщ.

- Анэхэм бын ягъэсэнымкIэ сэбэп къахуэхъуну къэплъытэ зы тхылъ къыджеIэт.

- Петрановская Людмилэ «Тайная опора. Привязанность в жизни ребёнка» зыфIищар. Ар къащхьэпэнут.

- Сыт уи сабиигъуэм узэхъуапсэу щытар?

- Си сабиигъуэ хъуэпсапIэу щытащ психолог сыхъуну. Къапщтэмэ, абы сылъэIэсащ, уеблэмэ сызыщIэхъуэпсам нэхъыби къызэхъулIащ. Сызэрылажьэ IэщIагъэр психологием пэгъунэгъу дыдэщ, и лъабжьэр арауэ жыпIэ хъунущ. Нэхъыщхьэращи, иджыпсту къызэхъулIахэмкIэ сыарэзыщ, сынасыпыфIэщ.

- А насыпыр нэхъыщхьэу сытым хэплъагъуэрэ?

- Си унагъуэм, си гум пэгъунэгъу цIыхухэм ятеухуауэ гупсэхугъуэ сиIэнырщ.

- Уи мурадхэм я гугъу пщIымэ...

- Си IэщIагъэми щIэныгъэми зэрыхэзгъэхъуэным яужь ситынущ. Си ныбжьэгъу цIыкIухэм - сызыдэлажьэ сабийхэм - сифI езгъэкIыну, нэхъыбэм сэбэп сахуэхъуну сыхуейщ.

- Тхьэм уигъэпсэу!

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

МафIэм къыхэкIа республикэ

Нобэ, накъыгъэм и 11-м илъэси 105-рэ ирокъу «Бгырыс республикэ» цIэмкIэ тхыдэм къыхэна къэралыгъуэр къызэрыунэхурэ. Зы илъэсрэ махуэ 13-рэ фIэкIа картэм имыта а щIыналъэм гуращэу къыдэушамрэ дэкIуэдыжам -рэ ущегупсыскIэ, уигу къэкIыжыр зы псалъэжьщ: «Ущытмэ - далъэ, ущылъмэ - убзэ».

БАТУМИ аджар къалэм Уэсмэн къэралыгъуэмрэ КавказщIыб республикэмрэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIа мамырыгъэ конференц щекIуэкIауэ щытащ 1918 гъэм накъыгъэм и 11 - 26-хэм. А зэхуэсышхуэм и утыкурщ Дагъыстэныр, Шэшэн-Ингуш республикэр, Осетиер, Къэрэшей-Балъкъэрыр, Къэбэрдейр, Абхъазыр, Адыгейр зыхэт «Бгырыс республикэр» къызэрыунэхуар хэIущIыIу ящIауэ щыщытар.

Илъэс ипэкIэ, 1917 гъэм накъыгъэм и 1-м, Владикавказ щызэхуэса, Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэнымрэ я зэгухьэныгъэм къытехъукIауэ арат Бгырыс республикэр. Пащтыхьыгъуэр лъэлъэжа нэужь, япэ дунейпсо зауэм и ужькIэ апхуэ-дэ къэралыгъуэ зыбжанэ утыку къихьат, я щхьэхуитыныгъэр ягъэIуу. Бгырыс республикэм и япэ уна- фэщI хъуар шэшэн щIалэ Чермоев Абдул Мэжидт (Тапэ). Мазэ зыбжанэ дэкIри, а къулыкъур къыIэрыхьащ Къэбэрдейм щыщ юрист Куэцэ Пщымахуэ. Ипэрей тетыгъуэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру хэта адыгэ щIалэм Кавказ псом и премьер-министр къалэныр зэрырихьэкIар игу къыщигъэкIыж тхыгъэхэр и мащIэкъым. ЩIыналъэщIэр къабыл ящIат Тыркум, Германием, Азербайджаным. Инджылызымрэ Франджымрэ иджыри зралъэфыхьырт. Ауэ щыхъукIэ, кавказ хэгъэгущIэм я нэIэ трагъэкIыртэкъым.

1919 гъэм щIышылэм и 20-м Бгырыс республикэм и парламентым и зэхуэс екIуэкIащ. Газетхэм иужькIэ ятхыжащ: «УнафэщIхэр зыдэс жьантIэм Правительствэм и унафэщI Куэцэ Пщымахуэ я пашэу, министрхэр щетIысэкIат. ЛIыкIуэхэм я тIысыпIэм ист Инджылызым и лIыкIуэ полковник Роуландсонрэ абы и гъусэхэмрэ».

ЗэIущIэр къызэIузыха Темир-Ханов З. и псалъэм къыщыхигъэщырт: «Бгырыс лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм иIэр зы мурад закъуэщ - Кавказым ис лъэпкъхэм я хуитыныгъэр ихъумэныр».

«Хамэ къэралхэм къэралыгъуэщIэр къабыл ящIыну мыпIащIэ щхьэкIэ, Бгырыс республикэм кIэлъыплъакIуэхэр и куэдт. Арат 1918 гъэм и кIэм хэгъэгущIэм щыхьэр хуэхъуа Темырхъаншурэ Инджылызым кърагъэкIыу полковник Роуландсон къыщIагъэкIуари», - етхыж Дагъыстэн тхыдэдж Доного Хьэжы-Мурат.

1919 гъэм и накъыгъэ пщIондэ щыIа къэралыгъуэ цIыкIум а пIалъэ кIэщIым унафэщIищ ихъуэжащ: шэшэн Чермоев Тапэ, адыгэ Куэцэ Пщымахуэ, дагъыстэн Халилов Михаил. ХабзэкIэ зи цIэр ягъэIуа къэралыгъуэм километр зэбгъузэнатIэу 125-рэ иубыдырт, цIыху мелуани 2,9-рэ щыпсэууэ.

Правительствэ е Министрхэм я кабинет зыфIэпщ хъунум бгырыс республикэ къэс щыщ лIыкIуэхэр хэтт. Гугъуехь нэхъыщхьэу яшэчахэм язт а лъэхъэнэм плъыжьхэмрэ хужьхэмрэ щызэрызехьэ Урысейм хиубыдэ республикэм лъэныкъуитIри къызэребгъэрыкIуэр. Аращ и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр лъы зыгъэжэну хуэмей унафэщIхэм къэралыгъуэр яутIыпщыжыныр къыщIыхахар. Я къарур зэрымащIэри наIуэт. Езыхэми ар я щхьэусыгъуэу Кавказыр ябгынауэ щытащ. 1962 гъэ пщIондэ Тыр- кум щыпсэуащ Куэцэ Пщымахуэ. Шыхъуэ цIэрыIуэм и къуэ юристыр «уей-уей» жезыгъэIэ адыгэ щIалэгъуалэм, лъэпкъыр фIыкIэ зыщыгугъхэм ящыщт. «Адыгэ псалъэм» мызэ-мытIэу зи цIэ къыщитIуа а лIы махуэм и кхъащхьэр Тыркум щыIэщ.

1955 гъэм, Бгырыс республикэр къыщыунэхуа махуэм ирихьэлIэу, Пщымахуэ тхыгъэ щхьэпэкIэ утыку къихьауэ щытащ хузэфIэкIамрэ къемыхъулIамрэ игу къыщигъэкIыжу: «Илъэс 37-рэ ипэкIэ, 1918 гъэм накъыгъэм и 11-м, Кавказ Ищхъэрэр республикэ щхьэхуэ зэрыхъуар игъэIуауэ щытащ. Хэти щыгъуазэщи, лъырэ IэщэкIэщ а хуитыныгъэр къызэразэуар абы хуэпабгъэ дэтхэнэ зыми. Дэри арат ди Iуэхур зыIутыр. Щхьэусыгъуэ тхуэхъуар накъыгъэм и 4-м къэзакъхэр шэшэнхэм зэратеуарт. ИужькIэ ардыдэр Тэрчкъалэрэ Базоркинэрэ деж ингушхэм къащыщыщIат.

Ди хуитыныгъэр дгъэIуа иужь, бийхэр нэхъыбэ хъуащ. МафIэм къыхэкIа ди республикэр мафIэм хэтуи псэуащ, зыхисхьэжари мафIэрщ».

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Мариannэщ.**

Си псэм щIыхуэу телъар итыжащ

Лъэпкъ литературэм и псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьа, адыгэм диIэ усакIуэ Дыгъэгу зыцIэм ящыщ Къуныжь Хьэ1ишэт мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

Хьэ1ишэт Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Иджыри курыт еджапIэм щIэсу усэ тхын щIидзами, школ нэужьым ар ягъэщIыкIэ щIэтIысхьащ Москва дэт Технологическэ училищэм. ИлъэситкIэ абы хъарзынэу щеджа пэтми, зыщIэхъуэпсыр усэ тхынрати, и гупсысэр ета зэпытт. 1969 гъэм ар щIэтIысхьащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым. Абы ягъэкIи яужькIи Къуныжьым и IэдакъэщIэкIэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ, журналхэмрэ щIэх-щIэхыгъэ къытрадзащ.

1972 гъэм «Поэтессы Советского Союза» къыдэкIыгъуэм (Москва къалэ) Къуныжь Хьэ1ишэт и усэхэм ящыщ къытехуащ. Абы и «Ягъэ усэ» усэ тхылъыр дунейм кьытехьащ 1975 гъэм. А илъэс дыдэм и IэдакъэщIэкIэр «Истоки» (Москва) альманахым къытрадзащ.

Литератор Iэщ1агъэр зыкIуэц» Къуныжь Хьэ1ишэт и гупсысэкIэкIи, и усэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи. Псалъэ къызэрыгуэкIэмкIэ гупсысэр къыщIэзыгъэлъэф усакIуэщ ар.

1970 гъэхэм я пэщIэдзэм лъэпкъ литературэм къыхьха усакIуэ бзылъхугъэр гупсысэ шэщIа, псэ кIабзэ зиIэщ. Къуныжьым и IэдакъэщIэкIэхэм ятепщIыхьмэ, ар насыпыфIэщ фIыр Iейм текIуэу щилъагъукIэ, гуапагъэ цIыхухэм яку дэлъу щызыхиущIэкIэ, сабий дыгъэм и зы Iуплъэгъуэм, нэгъуэщI куэдми и гур хегъахъуэ.

Хьэ1ишэт и IэдакъэщIэкIэхэм яхьболъагъуэ усакIуэ бзылъхугъэм акъыл жан, гудзакъэ зэриIэр. УсакIуэр и щIэджыкIакIуэм кьехьэкIнехьэкI имыIэу йопсалъэ, абы зыри щибзыщIыкъым. И кьалэмыр Хэкум, лъэпкъым, гуащIэрылажьэхэм, цIыху пэжкэм, мурадыфIыр зи бащдхэм яхуэгъэпсащ. Къуныжь Хьэ1ишэт ящыщщ лъэпкъ литературэм зи псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьэфахэм.

Дунейм и дахэгъуэм кьалъхуа Хьэ1ишэт дохьуэхъу узынщагъэ щымыщIэну, иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым, литературэм хуэлэжьэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Iэригъэхьа иужькIэ, ар щыIэжьащ Москва и тхылъ тедзапIэ зыбжанэм, радиокомитетым. ИтIанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжри, республикэ радиом и литературэ нэтынхэм я редактору щытащ. 1984 гъэм дунейм къытехьащ абы и «Къру гъуэгу» тхылъыр. АдэкIэ къыкIэлыкIуэщ «ГъащIэм и сурэт» (1991), «Горсть солнца» (1993), «Псэм и губгъуэ» (1998) тхылъхэр. Балигъэм я мы-закъуэу, Хьэ1ишэт и кьалэмыр сабийхэми Iэзэу зэрахуигъэбзэфыр щIэджыкIакIуэхэм кьагурыIуащ «Хьэрхьуп» (1996 гъэ) тхылъ цIыкIур дунейм кьытехьа иужь.

«Зыми емыцхь усаIуэригъэхьа иужькIэ, ар щыIэжьащ Москва и тхылъ тедзапIэ зыбжанэм, радиокомитетым. ИтIанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжри, республикэ радиом и литературэ нэтынхэм я редактору щытащ. 1984 гъэм дунейм къытехьащ абы и «Къру гъуэгу» тхылъыр. АдэкIэ къыкIэлыкIуэщ «ГъащIэм и сурэт» (1991), «Горсть солнца» (1993), «Псэм и губгъуэ» (1998) тхылъхэр. Балигъэм я мы-закъуэу, Хьэ1ишэт и кьалэмыр сабийхэми Iэзэу зэрахуигъэбзэфыр щIэджыкIакIуэхэм кьагурыIуащ «Хьэрхьуп» (1996 гъэ) тхылъ цIыкIур дунейм кьытехьа иужь.

Литератор Iэщ1агъэр зыкIуэц» Къуныжь Хьэ1ишэт и гупсысэкIэкIи, и усэкIэкIи, и дуней тетыкIэкIи. Псалъэ къызэрыгуэкIэмкIэ гупсысэр къыщIэзыгъэлъэф усакIуэщ ар.

1970 гъэхэм я пэщIэдзэм лъэпкъ литературэм кьыхьха усакIуэ бзылъхугъэр гупсысэ шэщIа, псэ кIабзэ зиIэщ. Къуныжьым и IэдакъэщIэкIэхэм ятепщIыхьмэ, ар насыпыфIэщ фIыр Iейм текIуэу щилъагъукIэ, гуапагъэ цIыхухэм яку дэлъу щызыхиущIэкIэ, сабий дыгъэм и зы Iуплъэгъуэм, нэгъуэщI куэдми и гур хегъахъуэ.

Хьэ1ишэт и IэдакъэщIэкIэхэм яхьболъагъуэ усакIуэ бзылъхугъэм акъыл жан, гудзакъэ зэриIэр. УсакIуэр и щIэджыкIакIуэм кьехьэкIнехьэкI имыIэу йопсалъэ, абы зыри щибзыщIыкъым. И кьалэмыр Хэкум, лъэпкъым, гуащIэрылажьэхэм, цIыху пэжкэм, мурадыфIыр зи бащдхэм яхуэгъэпсащ. Къуныжь Хьэ1ишэт ящыщщ лъэпкъ литературэм и псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьэфахэм.

Дунейм и дахэгъуэм кьалъхуа Хьэ1ишэт дохьуэхъу узынщагъэ щымыщIэну, иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым, литературэм хуэлэжьэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къуныжь Хьэ1ишэт

* * *

Жэнэтбзу

ТхылъымпIэщ уэсыр. Жэнэтбзу
Сурэту тызощIыхь селIалIэу,
Уэрэд къызжиIэу бзур мызу,
Ар цIыхум хуэдэу къызопсалъэ:

Мы дуней щымым сэ зэран
Уэрэд мыухкIэ сыхуэхъуныи?
Къихьэнщи гъатхэм си зэман,
Тхьэм уигъэлъагъу сызэрыхъунур...

Си бжьыхьэ гъуэгур пшабэщ, кIыхьщ.
СольалIуэ, къысхуэвмыщI гукъанэ,
ЩIымахуэ щIыIэхэм фепщIыхь
Уэрэд бзэрабзэу къыфхуэзгъанэм.

* * *

Си гуауэр, си гуапэр - си тхыгъэр
Хуэмурэ зы тхылъ ирокъу.
Закъуэныгъэр гъащIэм и тыгъэ?
Сэ акъылкIэ абы сонькъуэкъу.

Бжьыхьэ жэпщ си щхьэцыр,
Iэр теслъхьэмэ,
ГумкIэ ткIыбжьщи - къытызохьыж.
Си ныбжьэгъуэхэр жагъуэгъу
Хъуа я Iэфlыр зэхэзмыхьыж?

Iэ дызолъэ уэс щIыIэ гукъинэм,
Гугъэу сиIэр сыту пщтыра?..
Губгъуэ щIыIэм сэри сыкъинэм,
Ар си ягъэр уэ зыр ара?

Щ1ыхуэ

Сэ зы цIыхуми стелъыжкъым и щIыхуэ,
Си псэм щIыхуэу телъар итыжащ.
Мо щкъыщхьыжу жьыщIа уафэ щIыхум
И зы нэз вагъэу нэху щIигъэжащ.

Сэ стелъыжкъым и щIыхуэ зы цIыхум,
Гу Iэфlыгъэкли а вагъэр иIащ,
ЦIыхуагъ губгъуэм и нэзфIэщIми щIыхум
«Къэгъэзэж» е «щIеГъуэж», - жриIащ.

Сэ зы щIыхум и щIыхуэ стелъыжкъым.
Стелъу ябжьм - нэхъыбэ стыжьынщ.
Гукъеуэншэу акъылыр гъуэлъыжьым,
Зы цIыху вагъуэ щхьэ сфIэщIрэ ижьин?

Дызыхущ1экъур щ1эныгъэрщ

Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и къалащхьэ Владикавказ щекIуэкIащ курыт школым щадж предмет зыбжанэмкIэ ныбжьыщIэхэр щызэпеуа ЕтIуанэ щIыналъэпсо олимпиадэр. «Дызыхущ1экъур щ1эныгъэрщ» фIэщыгъэр зиIа зэпеуэ иным Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм хуябыдэ щIыпIэхэм щыщ школакIуэ 35-рэ хэтащ. Егъэджэныгъэм зегъэужьыным мылъкукIэ, IуэхукIэ дэIэпыкъуэ «Дызыхущ1экъур щ1эныгъэрщ» фондым къызэригъэпэщ Iуэхум ныбжьыщIэхэр щызэхьэзэхуащ физикэмкIэ, математикэмкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ, информатикэмкIэ, яБгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ ягъэлъагъуэу. Ди гуапэ зэрыхъущи, зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа ныбжьыщIэхэм.

АКЪЫЛЫФIЭХЭМ я зэпеуэм мы-хьэнэшхуэ зэриIэр кьагъэлъагъуэу, абы хэтхэм хьуэхъу тхылъхэр кьыхуагъэхьащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэмкIэ я унафэщIхэм. Апхуэдэу зэпеуэм щызэфIах лэжьыгъэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ КИФЩI-м и егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, Iэщ1агъэлIхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр. Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIыну кьыхагъэбелджылыкIэ предметитхум ящыщ дэтхэнэмкIи зэпеуэхэр кьызэгъэпэща хьуат хьэлэмэту, купщIафIэу.

ШколакIуэхэр махуищкIэ зэпеуа нэужь, лэжьыгъэм кьыркIуахэм зэпльэжащ. кьэпщытакIуэхэр. Абдежым наIуэ кьэхьуащ ди республикэм икIа гупым адрей псоми яхуэмыдэж щIэныгъэ куу предметхэмкIэ кьызэрагъэлъэгъуэр. ЕтIуанэ увыпIэр кьахьащ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щыщ ныбжьыщIэхэм, ещанэр хуагъэфэщащ Дагъыстан Республикэм икIа-хэм. ЕплIанэт Къэрэшей-Шэрджэсым и гупыр. Етхуанэ хьуащ Ингуш Республикэм щыщ ныбжьыщIэхэр.

«Дызыхуэущ1экъур щ1эныгъэрщ» щIыналъэпсо зэпеуэм щытекIуэ гупхэр, школакIуэхэр гъэлъэпIэным хуэгъэпса гуфIэгъуэ зэIуущIэ щызэхашащ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и Правительствэм и Унэм. Зэпеуэм хэта гупхэм нэмысыщ, абы кьекIуэлIащ федеральнэ субъектым егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэ пашэхэр. А псоми псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Iуэхур щекIуэкIа республикэм и Iэтащхьэ Менябгъ Сергей. Абы хуабжьу гуапэ щыхъуащ Кавказ Ищхьэрэм къихьэу щIэблэм школ предмет нэхъыщхьэхэм ящыщ куэдымкIэ щIэныгъэ куу зэрабгъэдэлъыр, зэфIэкI лъагэ зэралэр.

- Хуабжьу си гуапэщ ди акъылымрэ гупсысэмрэ кьахьа текIуэныгъэ лъагэхэм кьыфхалъхьа дэрэжэгъуэр зэрывдэсIэтыр. Дяпэкли дефIэкIуэну, кьыфпэщылъ гъащIэм мыпхуэдэу фыщагъэлъапIэ зэман куэдрэ кьыщыфхихуэну сынывохуэхъу, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Дэтхэнэ зэхьэхэми хэлъ фIыр кьыхэфхьу, ныбжьэгъущIэхэмрэ щIэныгъэщIэхэмрэ зэвгъэгъуэту, насыпрэ екъуIэныгъэрэ фи Iэпэгъуэу фыпсэуну си гуапэщ.

Апхуэдэ псалъэ дахэхэм кьакIэлъыкIуэу Менябгъ Сергей КъБР-м икIа ныбжьыщIэ гупым я пашэ, «Дыгъэфlэ кьалэ» Творчествэмкlэ сабий академием и лицейм и егъэджакIуэ Джэдмыих Астемыр текIуэныгъэм и кубокымрэ зэпеуэм и щIыхь тхылъымрэ иритащ, Iэгуаугъэшхуэм щIэту.

Зэхуэсым апхуэдэу щагъэлъапIащ предмет щызэхуэхэмкIэ щIэныгъэ куу кьэзыгъэлъэгъуа школакIуэхэри. Абыхэм яхэхуащ «Дыгъэфlэ кьалэм» и лицейм и еджакIуэхэу Хьэщ-пакъ Астемыр, Бжэныкlэ Albreч, Псху Сюзанна, Бесчокъуэ Хьэжмурат сымэ. НыбжьыщIэхэм ираташ зэпеуэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр, фэеплъ тыгъэхэр.

Гуфlэгъуэм кьыщыпсэлъащ «Дызыхуэущ1экъур щ1эныгъэрщ» фондым и Президент Дзгоев Валерэ, РАН-м Владикавказ щиIэ щIэныгъэ центрым и щIэныгъэ унафэщI, профессор Кусраев Анатолэ сымэ. Ахэри гуапэу екъуэхуэхуа щIыналъэпсо зэпеуэм щытекIуэхэми абы къыщыхэжаныкIахэми.

Дэри ди гуапэу дохьуэхъу КИФЩI-м и утыкушхуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ныбжьыр лъагэу щызыIэта, текIуэныгъэфIэхэр зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэм. Гъащ1эм хуэIэ мурадхэр къэйхулIэу, я хьэусапIэхэм лъэIэсу, щIэныгъэ нэхур я плъапIэу гъуэгу дахэ Тхьэм кьарит. ЩIэныгъэм шыхаш лъагъуэр екъуIэныгъэ куэдым я щIэдзапIэ яхурехьу а школакIуэ зэчиифIэхэм.

ТАМБИЙ Линэ.

Си псэм щIыхуэу телъар итыжащ

Лъэпкъ литературэм и псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьа, адыгэм диIэ усакIуэ Дыгъэфlэ щIыхуэгъэ щIэщIыгъуэ хэзылъхьэмкIэ гупсысэр къыщIэзыгъэлъэф усакIуэщ ар.

1970 гъэхэм я пэщIэдзэм лъэпкъ литературэм кьыхьха усакIуэ бзылъхугъэр гупсысэ шэщIа, псэ кIабзэ зиIэщ. Къуныжьым и IэдакъэщIэкIэхэм ятепщIыхьмэ, ар насыпыфIэщ фIыр Iейм текIуэу щилъагъукIэ, гуапагъэ цIыхухэм яку дэлъу щызыхиущIэкIэ, сабий дыгъэм и зы Iуплъэгъуэм, нэгъуэщI куэдми и гур хегъахъуэ.

Хьэ1ишэт и IэдакъэщIэкIэхэм яхьболъагъуэ усакIуэ бзылъхугъэм акъыл жан, гудзакъэ зэриIэр. УсакIуэр и щIэджыкIакIуэм кьехьэкIнехьэкI имыIэу йопсалъэ, абы зыри щибзыщIыкъым. И кьалэмыр Хэкум, лъэпкъым, гуащIэрылажьэхэм, цIыху пэжкэм, мурадыфIыр зи бащдхэм яхуэгъэпсащ. Къуныжь Хьэ1ишэт ящыщщ лъэпкъ литературэм и псалъэ щIэщыгъуэ хэзылъхьэфахэм.

Дунейм и дахэгъуэм кьалъхуа Хьэ1ишэт дохьуэхъу узынщагъэ щымыщIэну, иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым, литературэм хуэлэжьэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Спорт

ЕхъулIэныгъэхэр

Тырныауэ къалэм дэт «Геолог» спорткомплексым щекIуэкIащ Кавказ Ищхьэрэм атлетикэ хьэлъэмкIэ и чемпионат. Абы хэтащ спортсменэ 180-рэ. Ахэр я ныбжь елъытакIэ гупитIу гуэшауэ щытащ.

ЯПэ гупым щызэпеуащ илъэс 13-м щыщIэдзауэ 17 нэхъ-рэ мынэхьыжьхэр, етIуанэм - балигъ ныбжьым итхэр. Абы ди республикэм и спортсменхэм медалу 5 кьыщащхьи яхуэзэфIэкIащ.

Килограмми 109-м нэс зи хьэлъагъэр зыхэта гупым Кавказ Ищхьэрэм и чемпион щыхъуащ Хьэфlыцlэ Мурат. ЛlэужьыгъуитlкIэ зэхэту абы кьIиIэтащ килограмм 360-рэ.

КомандкIэ кьалщтэмэ, ныбжьыщIэхэм я ди спортсменхэм етIуанэ увыпIэр кьыщахьащ.

Зубов Денис мыбдеж зыри кьыщытекIуакъым - бжьыпэр щиубыдар килограмм 67-рэ зи хьэлъагъэр зыхэта гупырщ. Абы лIэужьыгъуитlкIэ кьиIэтар килограмм 205-рэ мэхъу.

Ещанэ увыпIэр кьахьащ Насибов Умар (и хьэлъагъэр килограмм 55-рэ, зэуIуу кьиIэтар кг 134-рэ мэхъу), Темрокъуэ Темырлан (килограмм 61-рэ мэхъу, килограмми 185-рэ кьиIэтащ), Ервас Залым (кг 73-рэ, кьиIэтар кг 200).

Кавказ Ищхьэрэм и зэпеуэ псоми хэплъэжьынрэ нэхъ зэфIэкI кьэзыгъэлъэгъуэ спортсмен 15-р Урысей чемпионатым хэтыну ягъэкIуэнущ. Ар дызыхуэкIуэ мазэм Новый Уренгой кьалэм щызэхэтынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Мыхьэнэ щIагъуэ зимыIэ етIуанэ Iыхьэр ирагъажьэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр накъыгъэм и 7-м зэхаублащ.

ПЭЩIЭДЗЭ увыпIихэр зыуфыдахэр адэкIэ щIэбзынущ япэ дивизионым зэрыкIуэным, иджыри кьэс кьахьа очко бжыгъэр кьаухуэнэжауэ.

Зыдумысыжьынщи, адэкIэ щыIэну зэпеуэхэм кьикI щыIэу фэ етпIыркъым. Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэми абыхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ хальхьэфынукъым. Кьапщтэмэ, зэпеуэм бжьыпэр щыIэныгъыу япэ лигэм ерыщу хущIэкъу Новороссийск и «Черноморец»-р капэщылъ джэгуГъуитхум кьэзыгъэувыIэнущ, езыхэр щызэIущIам кьахьауэ щыта очко бжыгъэр кьаухуэнэжауэ.

Зыдумысыжьынщи, адэкIэ щыIэну зэпеуэхэм кьикI щыIэу фэ етпIыркъым. Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэми абыхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ хальхьэфынукъым. Кьапщтэмэ, зэпеуэм бжьыпэр щыIэныгъыу япэ лигэм ерыщу хущIэкъу Новороссийск и «Черноморец»-р капэщылъ джэгуГъуитхум кьэзыгъэувыIэфынур хэт, етIуанэ увыпIэм щытым очкоуэ 8-кIэ япэ ищауэ Iуэхур щызэхаублакIэ?! Ар зэрахуэзэфIэмыкIынум щыхьэт текIуащ кIэух зэпеуэм и япэ джэгуГъуэм кьарикIуахэри. Новороссийскдзсхэм бжьыгъэшхуэкIэ хагъэщIащ Павловскэм къикIа «Кубань-Холдинг»-р. Абы щыгъуэми пашэм кIэлъыплъа «Чайка»-р пэлъэщыфакъым Таганрог и «Форте»-м. Арати, зэщхьэщыкIынныгъэр очкоипщIым нэсащ. ГурыIуэгъуэщ адэкIэ град - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:0**, **«Чайка»** (Песчанокопскэ) - **«Форте»** (Таганрог) - **0:0**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **4:1**; *«В» гупжьейм* - **«Динамо»** (Ставрополь) - **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:5**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **2:0**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Алания-2»** (Владикавказ) - **1:2**.

«Спартак-Налшыкым» япэ зIущIам зигъэпсэхуащ. Накъыгъэм и 13-м абы курыгъэблэгъэнущ Мейкъуапэ и «Дружба»-р.

ХьэТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщIыкIэкIыр

(Пэщ1эдзэ Iыхьэм щыдагъэкIа топхэмрэ зыIэрагъэхьа очко бжыгъэмрэ къыщыIытьатащ)

«А» гупжьейм

	Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Черноморец»**	**1**	**1**	**0**	**0**	**58-18**	**66**
2.	«Чайка»	1	0	1	0	33-9	56
3.	«Ротор»	1	1	0	0	50-19	55
4.	«Форте»	1	0	1	0	37-22	46
5.	«Биолог-Новокубанск»	1	0	0	1	35-27	46
6.	«Кубань Холдинг»	1	0	0	1	39-33	42

«В» гупжьейм

	Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	СКА	1	1	0	0	13-7	23
2.	«Дружба»	1	1	0	1	13-11	21
3.	**«Спартак-Налшык»**	**0**	**0**	**0**	**0**	**18-10**	**20**
4.	«Динамо» Ст.	1	0	0	1	16-17	18
5.	«Легион»	1	1	0	0	21-12	17
6.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	1	0	0	1	16-27	12
7.	«Алания-2»	1	1	0	0	12-25	8

● Щэнхабзэ

Зи макъыр жьгъырухэр

Налшык кьалэ щыщ Бэрэгъун Зауррэ нарткъалэдзэ Къуцухъэ Миланэрэ иджыблагъэ хэтащ «MUSIK STAR KIDS-2023» сабийхэм я дунейпсо макъамэ зэпеуэм.

Къэралчсо зэхьэзэхуэшхуэм кьекIуэIащ цIыху 200 хуэдиз. Абыхэм я зэфIэкIыр кьапщытащ уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэхэм, продюсерхэм, гуэзаджэм и лэжьакIуэхэм. Ди республикэм икIа ныбжьыщIитIыр абы къыщыхэжаныкIащ.

Къыхэзгъэщынщи, Къуцухъэ Миланэ япэIуэкIэ щытекIуауэ щытащ «Голос дети» телепроектым. Гагаринэ Полинэ и гупым хэтащ, абы щыгъуэ уэрэди игъэзэщIащ. 2022 гъэм сабийжэм папщIэ щыIа «Новая волна» зэпеуэмэ и финал ныкъуэм нэсащ. Пащащэ цIыкIум зэрыжьIэмкIэ макъамэм и дуней тетыджэр зыхилъхьэ щыIэжьым. Миланэ Крутой Игорь и макъамэ академиеу Москва щыIэм и студент ныбжьыщIащ.

«Сэ мурад сщIыну, ар зэзгъэхъуIэну сфIэфIщ», - жеIэ Бэрэгъун Заур. Ар республикэми Урысейми щекIуэкIа зэпеуэ куэдым щытекIуащ. Ирогушхуэ ди уэрэджьIакIуэ пажэжэм щыгъуэ Кремлым уэрэд щыжиIэну и насып къызэрырихьэкIами. Заур «Налшык щыIэ «Движение первых» урысейпсо зэгуэхэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и кьудамэм хэтщ.

«MUSIK STAR KIDS-2023»-м ди уэрэджьIакIуэхэр къыхэщащ. Къущхьэ Миланэ щытекIуащ илъэси 10 хъу пщащэ цIыкIуэхэм я гупым. Абы къыIэрихьащ макъамэ зэпеуэм и дыщэ пластинкэр. Бэрэгъуным Гранпри саугъэтэр кьихьащ, абы нэмысщIкIи Агутин Леонид и «AguTeens Music Forum»-м хэтыну ирагъэблагъащ, «Promuse» макъамэ студием и сертификати кьратащ, абы езым и уэрэд щитхыну хуит кьащIу.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Дэ къытхуатх

Псоми ди дадэ Iумахуэ

Адыгэм ди мащIэкъым къыщалъхуа жылэм, зыщыщ лъэпкъым, и адэжь щIыналъэм я пщIэр зыIэт нэхъыжьыфIхэр. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ зыдалъагъу, абыкIэ щIэблэм щапхъэ яхуэхъу а цIыхухэращ «Адыгэ щIалэ» псалъэр Iэтауэ жезыгъэIэр. Апхуэдэхэм ящыщщ Шытхьэлэ кьуажэм щыпсэу Джатокъуэ Анурбий Исуф и кьуэр.

ЗИ САБИИГЪУЭРИ балигъ хъугъуэри Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэм, абыхэм кьакIэлъыкIуа лъэхъэнэ гугъуэхэм хиубыда Анурбий иджыри цIыкIуу зыхищIащ «гъащIэр матэщIэдзауэ» зэрыщымытыр. ЩыщIэныгъэхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ, адрей совет унагъуэ мелуанхэм хуэдэу, кьапхыкIыфащ Джатокъуэхи, я пщIэрэ я нэмысрэ яIыгъыжу, жылэм дэс адрей лъэпкъэм щапхъэ яхуэхъуу. Гу кьабзэ-псэ кьабзэу кьэтэджа Анурбий балигъ хъуа нэужь, и лэжьыгъэ Iыхьэ ирихьэкIащ, фIыщIэрэ щытхъуэрэ пыпIу. И ныбжьыр зыгъэпсэхугъуэ пIалъэм нэсами, Iуэхунщэ зэи хъуакъым. Ар цIыхум яхэту, жылэм дэс щIэблэр дин кьабзэм хуиущийуэ илъэс куэдкIэ лэжьащ Шытхьэлэ кьуажэм я ефэндыуэ. Ноби ар куэдым я чэнджэщэгъущ, унэтIакIуэщ.

Къыхэдгъэщынщи, Анурбий куэд лъандэрэ и ныбжьэгъуфIщ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Абы и кьыдэкIыгъэхэм хуэпIащIэу зыIэригъэхьэу, фIэхьэлэмэтуи щIиджыкIыу апхуэдэщ ар.

ЗэрытщIэщи, дэтхэнэ унагъуэми илъ насыпыр еIыхьатащ нэхъыжьым абы щигъэув хабзэм, нэмысым. Джатокъуэхэ я унагъуэр абыкIи щапхъэ зыпепх хъунухэм ящыщщ. Анурбийрэ абы и щхьэгъусэ ХьэIишэтрэ яухуа унагъуэ дахэм зэгурыIуэмрэ зэдзIуэжьымрэ и лъабжьэщ, зэхэщIыкIымрэ лъагъуныгъэмрэ и тегъэщIапIэщ. Зэщхьэгъусэхэм зэдапIащ икIи гъащIэм и гъуэгу пэжым щытрагъэуващ хъыджэбзиц: ФатIимэ, Мадинэ, Залинэ сымэ. Я адэ-анэм абыхэм гъэсэныгъэ екIу халъхьэфащ, щIэныгъэ, зэрыпсэун Iэщ1агъэ ирагъэгъуэтащ. Нобэахэри, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэрэ добжьыфIэ дадэ Iумахуэу си махуэщхуэр зыхуагъэлъапIэм.

«Анурбий зэрыщIэр и унагъуэм ихэм я закъуэкъым. Ар кьытхуэгуапэщ икIи кьытхуэнабдзэгубдзаплъэщ и кьуэш бынхэми, кьытщIэхъуэ щIэблэми. Аращ ар псоми ди дадэу кьыщIэтлъытэри», - жаIэ Джатокъуэхэ Залинэ, Марьянэ, Къантемыр сымэ, адрей зэкъуэш бынхэми.

Джатокъуэхэ ди нэхъыжьыфIхэм ящыщ Анурбий мы махуэхэм егъэлъапIэ и илъэс 80 юбилейр. ЦIыкуэгъэ нэсыр, пэжыгъэр, лъэпкъ хабзэ дахэр дапщэщи кьызыдэгъэгурыкIуэ нэхъыжьыфIым, ущиякIуэ нэсым, чэнджэщэгъу Iуущым ди гуапэу дохьуэхъу и узынщагъэрэ и гуащIэрэ мыкIуэщу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым и псэр игъэнэхурэ и гум ехубылIэу, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкъуэмыхуу куэдрэ зэдэпсэну. Дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ я куэду, гуаузр япэIащIэу, я дунейр дахэу, я пщIэр лъагэу, я унагъуэ жьэгуму мыужьыхуэ кьащIэхъуэ щIэблэм куэдрэ Тхьэм ящыхьащIэ Анурбии Хьэ1ишэти.

Дыпхуэарэзыщ, ди нэхъыжьыфI. Пхуэфэщэн Алыхьым дищI!

Джатокъуэхэ кьабгъэдэкIыу.

Шытхьэлэ къуажэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщlэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.705
Заказыр №970
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху елъыткIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭщ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)* , *корректорхэм я дэIепыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ схьыхьт 20-м, щытрадзар схьыхьт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.